

# KUVERENGA NENHENDASHURE



Mazviita, Hama Neville. Ishe vakuropafadzei.

Nguva dzose kuchimbidzika chete. Ndichangopinda. Hama Moore vanga vaneni pafoni nyenyaya yekuuya zasi ikoko kuJubheri ravo rePentekosti remakore makumi mashanu. Ndanga ndichiedza kubatanidza mazuva neveBusiness Men uko kune imwe nzvimbo, ndikati...ndokuwedzera ruzha pafoni, ndikati, “Mainzwa here iyo “Tenda Chete”? Munoziva zvazvinoreva.” Zvino ndikabva ndavapa kuna Billy, ndokumhanya ndichibuda nepamusuwo. Saka ini—ini handizivi kuti vachabuda sei kumashure ikoko, asi zvaka...Ndinoda chaizvo kudzika zasi kuLouisiana, zvisinei, kuvanhu ivavo, avo vekare vekuMaodzanyemba vakanaka zasi uko. Asi ipapo ndinofanira kunge ndiri anenge mazuva mamwe chete iwayo mu—muFlorida, pakonivhenisheni yedunhu yeveBusiness Men, uye zvinozviita kuti zvinge zvakaoma kana ukaedza kuzvibatandiza pamwe chete munguva pfupi yakadaro.

<sup>2</sup> Tese tinofara kuva pano mangwanani ano, uye kunge tiri vapenyu uye—uye pakati peavo vanogona kuti “Ameni.” Ndizvozo chaizvo. Zvino, ndine urombo kuti tese takamanikidzana muno. Zvino vati vamwe vevanhu vauya pano ndokuzongotyaira vachidzokera. Asi isu tiri...Ndizvo chete zvakanakisa zvatingagona kuita pa—panguva ino. Munoziva. Munonzwisisa, ndine chokwadi. [Hama Branham vanokosora—Mupepeti] Ruregerero.

Muri kunzwa zviri nani kubva pane ino *iyi* here kana kuti pane *iyi*? *Iyi* iri apa? Zvakanaka, ingoiunzai neche pano kuti ndive pedyo. [Hama Neville vanoti, “*Iyi* ndiyo iri kushanda. *Iyo* i—*iyi* imaiki yekurekodha.”—Mupepeti] *Iyi*, yekurekodha pano. Zvakanaka. Zvakanaka, changamire.

<sup>3</sup> Zvakanaka, makaropafadzwa here nezuro manheru? Ini...zvirokwazvo takazvibata, uye Ishe vakatiropafadza. Kungoti pane zvinhu zvakanakisa zvaigona kutaurwa pamusoro peMharidzo ipapo, asi ndakafunga kuti pamwe munozogona kuinzvera, munoziva, uye mocherechedza, pakati pemitsara, nguva yatiri kurarama mairi. Tasvika chaipo panguva yekupedzisira. Uye ndinozvitenda izvozvo. Chokwadi, munhu wese akafunga izvozvo, ndinofungidzira, kubvira Jesu paakavimbisa kudzoka. Asi, munoziva, rimwe ramazuva ano Achauya, zvakangodaro, munoona. Saka handisi kuona chasara kuti chiitike, kunze kwekubvutwa kweChechi.

<sup>4</sup> Zvino, tisati tasvika paMharidzo yandiri kuda mangwanani ano, pamusoro pechidzidzo che*Kuverenga Nenhendashure*. Uye zvino isu. . . uye manheru, rangarira shumiro yemanheru zvino,

inonzi *Kurarama MuHupo HwaKe*. Maona? Uye tichaedza kukasika, kukurumidza, kuitira kuti muende kuti tigoenda kubasa zvakare Muvhuro mangwanani. Uye tinotenda nekuda kwenyu mese. Ini handizive zvataizoita, zvandaizoita ini pasina imi. Handaingo—handaingokwanisa kugara zvakanaka pasina imi.

<sup>5</sup> Uye ndinoda kupa kutenda kwakatsaurwa kuna Hanzvadzi Williams vaye, ndinofungidzira kuti mudzimai uyu handitombomuzivi. Pandamuka mangwanani ano, Hama yangu, Charlie Cox vanga varipo, uye—uye pa—pamusuwo panga pakazara chikafu, zvinhu zvemumagaba nezvimwe. Mudzimai mudiki uyu anonzwisa urombo anofanirwa kunge akashanda zvine simba sei zhizha rino, achiisa zvinhu izvi mumagaba, madomasi nezvimwe zvekudya. Zvino, izvozvo zvinoreva zvakananyanya kwandiri. Uye Hanzvadzi Williams, ndinotenda kuti vakasiya Bhaibheri renyu ipapo kuti rinamatirwe, hanzi tinamate kuti Mwari vaite... Ndanamata mangwanani ano mukamuri pandanga ndichiverengera kuitira Mharidzo, kuti Mwari vatore zviri muBhaibheri iroro vagozviisa mumoyo menyu. Uye ndinonamata kuti Mwari vakuropafadzei. Ndinoshuva kuti dai ndaikwanisa kukubhadharai pane izvozvo, hanzvadzi, ndinoziva kuti makapfuura nemune zvakanwanda muchishanda pazviri nesimba. Uye ndinokutendai zvikuru! Zvidiki hazvo kutaura kudaro, asi regai ndikupei Gwaro ratinoziva, sezvandakataura manheru apfuura, harikundikane. Jesu akati, “Zvokuti izvo zvamakaitira kumudukusa...” ndini uyo wacho, munooona, “. . . mudukusa wavaduku vaNgu ava, makazviitira iNi.” Uye dai zvadzoka kwamuri nenzira yazvaizenge zvichizova kana dai kuchinzi mazviisa mumaoko aKe chaimo. Mwari vakuropafadzei nekuda kwaizvozvo.

<sup>6</sup> Ndinokutendai imi mose zvenyu. Pamunenge muri pano, ndinoona pane—pane zvegumi nezvinhu zvamunobhadhara, ndirwo ruvimbo rwenyu matiri, kuti zvichaenda kuHumambo hwaMwari. Zvino, isu tine mungava kwazviri, munooona, uye tinofanirwa kudavirira pamusoro pazvo. Saka tinoda kuongorora zvese zvatinoita, kuita mafambiro ese ave akakwana sezvatinogona, nenzira yazvingadiwa nayo naIshe wedu, nokuti hatizivi nguva yaAchadaidza kwatiri kuti tipindure uye tozopa nhorondo yezvese zvakanwanda kwatiri.

<sup>7</sup> Ndicho chikonzero ndinofunga kuti Pauro, manheru apfuura, aingova nejasi rimwe chete. Maona? Aigona kunge akava neakanwanda, asi akanga asina. Ndiro jasi rimwe chete raaingogona kushandisa panguva imwe, saka akangochengeta iroro. Handifunge kuti aiva nehanyin’a nepfuma yepanyika. Handifunge kuti aive nehanyin’a nemukurumbira, munoziva zvanidoreva, munhu wose mumafambiro avo makuru ezvekanamata sezvazviri nhasi. Uye vanhu vakawanda kwazvo. . .

<sup>8</sup> Ndinoziva kuti izvi zviri kutepwa. Uye pandinotaura zvinhu pano, ndinocherechedza kuti handisi kungotaura neungano ino chete, asi pasi rose. Uye ini...Nokuti matepi aya anoenda kune nyika zhinji, dzakawanda, uye vanoendesa kunyangwe seri kumarudzi ari muAfrica, kuseri ikoko, vogara ipapo, zvino mushumiri anoitora oturikira matepi iwayo kuvanhu, kuseri uko kwavasingatomboziva kuti ruoko rwerudyi neruboshwe nderwupi. Maona? Kuseri uko kuAustralia uye nekupfuura neuko kune vanhu vari—vari, havatombo...Chinhu chavanongodya chete i...Mawaniro avanoita shuga kutora chikoko chidiki vochera masvosve akawanda vachiaruma kumashure kwawo saizvozo. Ndiwo mararamiro avanoita pakuwana shuga yavo. Uye havana kana mbatya, havana kana chinhu. Vanotora kangaroo yachembera voikanda pamoto, iine zvemukati mairi, maura nezvose, voibvura zvishoma votoidya. Uye ndizvozo, zvinotyisa. Uye rangarirai, matepi aya anoridzwa seri ikoko. Mharidzo iyi yamuri kuteerera pano inoridzwa kuseri ikoko, nemazana emamishinari vachitora matepi aya vachiaridza kuseri ikoko, voRiturikira kuvanhu. Saka, munoono, kana ndasvika ikoko paZuva reKutongwa, munoono zvichange zvakazorora pamapfudzi angu? Ko kana ndikatsautsa mumwe munhu? Maona? Hezvo ka izvo. Chimbofungai nezve mumwe wemweya iyoyo, kana ndikavatsaudzira kuchinhu chisiri icho.

<sup>9</sup> Nokudaro ndine pano hama dzangu dziri mumasangano aya. Uye vazhinji vavo varume vakaisvonaka, vazhinji vavo, ndinofara naizvozo. Asi vamwe vavo vanova zvakanyanya... uye kazhinji vatungamiriri vanosvika pekuti vanofanira kuzvisungirira mazviri uye vozviita sekuti, oo, senyaya yezvematongerwo. Vanoita zvmatongerwo mazviri. Uye, mune izvozo, vanobva vabva paShoko raMwari.

<sup>10</sup> Uye ndinofanira kuramba ndiri paShoko. Ndi—ndinofanira kugara ipapo. Uye zvinongofanira kusvika pane zvizvi. Uye ndi—ndi—ndinofanira kungofamba naro, ndizvo zvega. Saka, zvino tiri...Munoziva, taimboimba kamwe karwiyo kadiki, “Tiri kuyangarara tichidzika nerukova rwenguva, hatina nguva refu yekugara.” Makambokanzwa. “Makore edutu ane rima achashanduka kuva zuva rakawedzera kujeka.” Ndizvozo chaizvo. “Tose zvino ngatishingei, nekuti hatina kusiyiwa tiri toga.” Ndizvozo chaizvo. “Chikepe cheHupenyu chiri kuuya munguva pfupi kuzounganidza Mabwe anokosha Kumusha.” Ndiyo nguva yandinotarisa kuzova nejasi risiri kuzosakara, ndizvozo, reKusingaperi. Uye ndinofanira kuva wechokwadi kuna Mwari, ndisingatarisi zvinhu zviri panyika pano, kusvikira tasvika mhiri ikoko. Uye ipapo ticha...ndiwo iwayo achazogara.

<sup>11</sup> Saka ini, mune makumi matatu aya...ndava kusvika makore makumi matatu nemaviri eshumiro, ndakaedza

kugara ndakatendeka kuShoko. Ini handizive chinhu chimwe chete chandakatombosvika pakuchishandura, nokuti ndakangozviverenga kubva muBhaibheri, ndokungotaura zvakataurwa neBhaibheri, ndokuzvirega zvakadaro. Uye saka handina pandakafanirwa kudzora mashoko kana kuronga patsva, nekuti ndakangozvitaure nenzira iyo Bhaibheri rinozvitaure. Uye, ndakaona kuti, kana Mwari vakataura chimwe chinhu, zvino tinofanira kufamba neShoko iroro kuitira kuti Rizadziswe. Takazviona izvozvo, sezvandakakuudzai manheru apfuura, nezvechiratidzo nguva pfupi yapfuura, munoono, kuti icho...Ndaifanira kunge ndiri ipapo, uye neyambiro yekuti ndivepo, uye ndokundiudza mwedzi mitanhatu yekumashure kwacho kuti ndive panzvimbo iyoyo chaipo, uye ndokumira ipapo chichiti, “Enda zasi ikoko” (katatu) “pamwe chete navo.” Zvino ndakabva ndangofambawo nevamwe varume vacho. Zvino chiratidzo chakaitika nemazvo chaimo, chikamu chaMwari, ini ndikasiiwa ndakamira. Saka tinoda kurangarira, unofanira kugara uri paShoko, ingogara uri pamwe neShoko. Uye kunotungamirira Shoko, enda chaizvo neShoko, uye Richakubuditsa zvakanaka, ndine chokwadi.

<sup>12</sup> Zvino, ndinoziva kuti manga muri muno kubva na eight o'clock, uye dzinogona kunge dzava ten o'clock izvozvi. Ndizvo. Saka ngatinamatei zvino kunaShe wedu. Pane zvikumbaro zvakatsaurwa here? Ndiri kuona mahengechepfu akawanda ari pano. Simudzai maoko enyu pazvikumbaro. Mwari vakuropafadzei. Zvino iVo...NdaVaziva kwenguva yakareba zvakanakwana kuti ndizive izvi, kuti Vanoona ruoko rwese uye nokuziva moyo wese, uye chinhu choga chingoripo chekuita kungoVakumbira. Uye iwe ukazvitenda, zvino zvinoitika. Zvino, iwe tenda patiri kunamata.

<sup>13</sup> Baba voKudenga, tave kusvika zvino kuChigaro chikuru cheushe chaMwari chine masimba, sevanhu vanofa vari mumutumbi wenyama, asi zvisinei manzwi edu achitaura mashoko ari kupinda kuChigaro chikuru ichi pane imwe nzvimbo mune zvimwe zviyero apo panogara Mwari. Nokuti, Jesu akati, “Kumbirai kuna Baba chero chamunoda muZita raNgu, Ndichachiita.” Uye Akatikumbira kuti tisapokana, asi, kana tichinamata, titende kuti tinogamuchira izvo zvatinokumbira, uye zvichapiwa kwatiri. Akati, “Kunyange ukati kugomo iri, ‘Ibva apa,’ uye ukasapakokana mumoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, uye unogona kuva nezvawataura.” Baba, tinoziva kuti izvozvo ichokwadi chaicho. Tinozvitarisira zuva nezuva, uye hapana kukanganisa muShoko reNyu. Imhaka yekuti hatikwanise kuva panzvimbo ipapo, dzimwe nguva kutenda kwedu hakutikwidze zvokusvika kumusoro ikoko, tinoshushikana nekupokana. Asi, mangwanani ano, tiri kuedza kuuya, Ishe, netariro itsva, takabataririra patambo yehupenyu yaKristu uye nevimbiso Yake. Uye tiri kuuya muHupo hwaMwari kubudikidza neZita raJesu.

14 Ishe, ndine chokwadi kuti Munoziva zvikumbiro zvose zvaziviswa pasi peruoko mangwanani ano rwasimuka. Rwanguwo rwanga rwakasimudzwa, uye rwunogara nguva dzose rwakasimudzwa kwaMuri, Ishe, nekuti ndiri munhu ane zvaanoshaiwa. Uye ndinonamata kuti Mugopa chikumbiro chose. Tarisai pavari, Ishe, mupindure zvikumbiro zvavo, kubva kumudukusa kusvika kumukurusa, kubva pachikumbiro chidukusa kusvika kune chikumbiro chikurusa. Zvino, Baba, vapindureiwo, mumwe nomumwe. Ndinozvikumbara nemuZita raJesu. Ipapo rangariraiwo changu, Ishe.

15 Uye ndinonamata nekuKutendai nekutipa zororo rakanaka mumiviri yedu, uye neruzivo rwatinarwo rweShoko reNyu, uye nekunzwisisa kwatinako kweMweya, uye tichigara tichinamata kuti Mutipe kunzwisisa kwakawedzera kukura kuitira kuti tisave vanhu vasina maturo, vano zvitutumadza nokuda kwazvo, asi vanhu vakazvinipisa, kuitira kuti Mweya Mutsvene akwanise kutishandisa pakuzadziswa kweShoko raMwari, uye nekutiisa panzvimbo apo patinofanira kunge tiri panguva ino. Nekuti tinofanira kunge tiri panzvimbo yakafanira kuti zviitike. Uye tinoda kuva, Ishe. Kana ari mudzimai wepamba ari kuseri kwetafura, kana iri yemu—murume wemufekitari ane chipanera muruoko rwake, uye nechapupu, kana iri yemushumiri papurupiti, kana mudhikoni kana mutirastii, kana yemwana ari kuchikoro, uyo abve zera ari muhurukuro mukirasi, chero kwaingave iri, Ishe, ngativepo panguva yakafanira. Nokuti tinoziva kuti Makazvivimbisa, uye zvichaitika nokuti Makataura kudaro, uye, handiti, kutenda kweku kwakavakwira ipapo.

16 Zvino, Ishe, tiri kunzwa kuti hatichina nguva refu. Nguva yave kusvika pakupera. Tinogona kunzwa mhute yakasimba kubva kunze muchadenga, ichipinda. Tinoziva kuti kutonga nehasha dzaMwari zvagadzirira kuti zviwire pasi. Tiri kutonzwa zvazviri kukonzera nechekare. Uye tinonamata, Ishe, kuti Mutibatsire.

17 Uye zvino ndibatsireiwo, Ishe, paMharidzo diki iyi mangwanani ano, yemaminitsi angangoita makumi matatu, inonzi *Kuverenga Nenhendashure*. Tibatsireiwo, Ishe, kuti tinzwisise patiri chaipo.

18 Uye ticheneseiwo zvino, Ishe, muchibvisa zvivi nekudarika kweku. Uye ngapasava nemunhu mumwe chete pano mangwanani ano, akarasika, dai munhu wese agadzirira, ave mudenderedzwa guru iroro patinosangana kune rimwe divi. Panodanwa mazita akanyorwa, dai ndanzwa zita mushure mezita, “ndiripo.” Ndizvo zvatiri kutsvaga, Ishe. Uye vakuru vachange vave vadiki ipapo nekusingaperi, vashandurwa kamwe-kamwe, vasingafi, vachamira mumufananidzo waKe, vachipenya kupfuura zuva nenyeredzi, sezvakataura Dhanieri, “Avo vakatendeutsira vazhinji pane kururama vachapenya senyeredzi nokusingaperi.” Asi tinonzwa zvaMakataura

kumuporofita, “Enda nenzira yako, Dhanieri, nekuti uchazorora pamugove wako, asi nezuya iroro uchamira.”

<sup>19</sup> Oo Mwari, ngativerengwe kuve takakodzera kuburikidza neRopa raJesu, hapana kukodzera kwedu kwatinotaura, asi kuburikidza nekukodzera kwaKe dai tava vakakodzera kumira pazuva iroro tichireurura zvakaipa zvedu uye tichishuva kumira mukururama kwaKe, nemuporofita mukuru Dhanieri navose vachamira kana mibairo yava kupiwa. Tichizovika ipapo, Ishe, tiitei midziyo iri muruoko rweNyu. Itai nzeve dzedu midziyo mangwanani ano yekunzwa Shoko. Itai miromo yangu midziyo yokuRitaura. Nokuti tinozvikumbira nemuZita raJesu, uye dai kunzwisisa kwedu kwanzwisisa kuda kwaMwari. Amenii.

<sup>20</sup> Zvakaoma zvikuru kutanga. Zvinoita sekunge pane zvakawanda zvaunogona kutaura uye—uye unoda kutaura, zvakare zvinoita sekuti pane nguva shoma chaiyo yekuzvita. Zvichida ndisati nda—ndaenda. Ndakataura nezuro manheru, tinogona kuwana mukana we—wekuti zvichida tofamba nerimwe reMabhuku emuBhaibheri, mumatsutso ano kana muchando, tsati tasimuka. Kuenda, ndinoda kuenda mhiri kwemakungwa, Ishe vachida, mushure chaimo meKisimusi inwe nguva.

<sup>21</sup> Zvino ndinoshuva kuti muvhure mangwanani ano pokuti tiverenge, kuna VaHebheru chitsauko 11. Uye zvino nyatsoteererai pakuverenga. Ndinoda ku—kunyatsosimbisa pandima 3.

*Zvino kutenda ndicho chinhu chinobatika chezvinhu zvatintaririra, umbowo hwezvinhu zvatisingaoni.*

*Nokuti naiko vanhu vakare vakapupurirwa zvakana.*

*Kuburikidza nokutenda tinonzwisisa kuti nyika dzakaumbwa neShoko raMwari, naizvozvo zvinhu zvinoonekwa hazvina kuitwa nezvinhu zvinoonekwa.*

<sup>22</sup> Zvino, ichi chinyorwa chinoita sechisinganzwisisike kuitira nhangaruvanze pane musoro wenyaya uyo wa—wandiri kuda kushandisa. Zvinhu hazvina kugadzirwa nezvinhu zvinoonekwa. Zvino ndinoda kushandisa chidzidzo ichi mangwanani ano, *Kuverenga Nenhendashure*, nokuti ndinoda ku—kuzvienzanisa nemunzira yechiporofita. Husiku hwapfuura ndaida kudzidzisa zvishoma pamusoro peRugwaro; mangwanani ano Mharidzo yechiprofita; uye manheru anhasi Mharidzo yekuvhanga.

<sup>23</sup> Zvino, zvinhu zvakagadzirwa nezvinhu zvisingaonekwe. Zvino, ndakadzidza mumakore ose aya kuti zvinhu zvose zvepanyama mifananidzo yezvinhu zvepamweya, zvese zviru zvepanyama. Uye zvino chingorangarirai, kuti kana muchiona chinhu chipi nechipi chepanyama, chinomiririra chinhu chepamweya. Maona? Zvinhu zvose zvakagadzirwa zvakafanana

nezvinhu zvisingaonekwi. Munoono, zvepanyama ipapo zvinoratidza zvepamweya.

<sup>24</sup> Zvino, sezvandakanga ndichinzvera mazuva mashoma apfuura, uye ndinotenda kuti ndakazvitauro manheru apfuura, zvisihoma, kuti ndakanga ndichiverenga apo... kana kunzwa paredhiyo, ndichiuya kubva kuCanada, pokuti mumwe chiremba muno muUnited States akanga—akanga ataura chimwe chirevo chokuti “munhu ave nemakore mamiriyoni gumi nemana ekushanduka chimiro.” Vakachera bvupa kuItaly, muna 1800, pane imwe nguva kuma 1800, kuti bvupa iri raifanirwa kunge riri bvupa remunhu akambovepo... zvinogona kudaro ne... Pavanenge vachizviita, kutaura kuti raive nemakore mangani, zvino chiremba uyu semutana uye akaisa hupenyu hwake hwese pakudzidza bvupa iri. Uye anoti, “Iri bvupa ibvupa remunhu ane makore mamiriyoni gumi nemana.”

<sup>25</sup> Zvino, kushaiwa maturo kwakadini ikoko! Kuti munhu akarasa sei hupenyu hwake mahara, achiedza kupikisa Shoko raMwari, uye haana chimwe chaakawana kunze kwe—kwemagumo asina kwaanosvika kubva kwazviri. Uye chero munhu anoziva kuti kana ukaviga bvupa muvhu, mumakore makumi maviri bvupa rinenge rave kushanduka. Mukati mezana ramakore bvupa iroro rinenge roda kuchitopera, pachingove nezvidimbu zvaro, uye zvisinei kuti wariisa mumamiriro ezvinhu akadini. Maona? Zvino mukati mechiuru chemakore bvupa iroro raizovei, makore mazana gumi? Oo, ko zvinozovei zvakapetwa kagumi zvacho, zvinozova miriyoni imwe? Kuzoti miriyoni yakapetwa kagumi neina. Oo, ini zvangu! Zvingori chete... Hazvina kana musoro kutombofunga chinhu chakadaro. Bvupa harigoni kugara makore mamiriyoni gumi nemana pasi pechero mamiriro zvawo. Chero ani zvake anozviziva izvozvo. Anogona kunge akanhonga chimwe chinhu chaitaridzika sebvupa kana chimwewo chinhu. Uye zvakare vangagona sei kuziva kuti rave nemakore mamiriyoni gumi namana? Maona? Pamusoro pazvo zvose, Mwari vakasika munhu panyika pano zviuru zvitanzhatu zvevakore apfuura, uye ndipo panoperera nyaya yacho.

<sup>26</sup> Mumwe munhu anga achikurukura nezvazvo neni nguva yapfuura, pane mumwe wemisangano yangu. Ndakanga ndichitaura pamusoro pekushanduka kwechimiro chemunhu, uye ndikati zvaingova bedzi zviuru zvitanzhatu zvevakore. Zvino murume uyu akati, “Zvakanaka, Hama Branham, tinokwanisa kuratidza pachena kuti nyika yave nemamiriyoni emakore. Saka chinhu chamuri kutaura nezvacho, makatorasika zvachose.”

Ndikati, “Hautendi Bhaibheri here?”

Akati, “Ndinotenda kuti munhu ndiye akanyora Bhaibheri.”

<sup>27</sup> Ini ndikati, “Chokwadi ruoko rwemunhu ndirwo rwakaumba mavara aro, asi Mweya Mutsvene ndiwo waive

kuseri kweruoko. Munoono, ndokuumba vara, nokuti Bhaibheri rakataura kudaro.”

<sup>28</sup> Uye akati, “Zvakanaka, ipapo—ipapo, munofanira kubvuma kuti vanokanganisa pane zvenyika.”

Ndikati, “Bhaibheri harife rakakanganisa, harife rakakanganisa.”

<sup>29</sup> Akati, “Zvakanaka, kana nyika,” akati, “yaiva, munogona kuona kuti makomo akasundirwa kunze sei kubva mubota rematombo epasi akanyungudika.”

Ndikati, “Asi iwe wango . . .”

Iye akati, “Uye Mwari vakasika nyika iyoyo mumazuva matanhatu.”

<sup>30</sup> Ndikati, “Zvino, Bhaibheri harina kutaura kudaro. Wakangofunga kuti rakataura kudaro.” Ndikati, “Ngatingodzokerai shure iko zvino tigadzirise nharo dzako. Chitsauko 1 chaGenesi, chakati, ‘Pakutanga Mwari vakasika matenga nyenika.’ Chinguva! Kuti Vakazviita kwenguva yakareba sei, handizive. Havana kutiudza. Asi, ‘Pakutanga Mwari vakasika matenga nyenika.’ Chinguva! Zvadarwo, ‘Uye nyika yakanga . . . isina chimiro.’” Mwari ndipo pavakatanga kuishandisa. Maona? Saka vanongozviputitsa pfungwa mahara. Maona? Maona?

<sup>31</sup> Mwari vakagadzira nyika. Vanogona kunge vakatora makore matiririyoni zana vachiigadzira; handizivi kuti Vakatora nguva yakareba sei, asi Vakaigadzira. Uye Havana kutaura kuti Vakatora nguva yakareba sei, uye hazvina basa nesu zvekuti inguva yakareba sei. Vakangoti, “Pakutanga Mwari vakasika matenga nyenika.” Chinguva! Ndzivo zvinopedza nyaya yacho. Ndzivo zvoga. Kuti Vakazviita kwenguva yakareba sei, hazvinei . . . Asi zvino zvisikwa zvakatanga kubuda mune imwe nguva, paVakatanga.

<sup>32</sup> Uye ndinotenda, kuti imomo, kuti zvinhu zvese zviripanyika zvinoratidza zviripanyika Kudenga. Ndinotenda kuti, nekuti iwe unoono zvinhu zvese zvichitamburira hupenyu imhaka yekuti kune hupenyu hwahuri kuratidzwa kubva kwahuri. Uye ndinotenda kuti Mwari pavakasika munhu, Vakatangane nekuratidza zvinhu zvidiki zvakaite sehupenyu hwemhuka, uye chinhu chakatevera chaVakasika chaive chimwe chinhu chine musiyano. Ndiyo nzira chaiyo iyo Bhaibheri rinotaura kuti Vakazviita nayo. Vakasika kutanga miti nehupenyu hwezvinomera, uye Vakasika munhu. Zvino chinhu chekupedzisira chakauya kubva muvhu chiri muchimiro chezvisikwa aiva munhu, hapana chiri pamusoro chakazouya. Nemhaka yei? Waiva mufananidzo wakakwana wepamusoro-soro uri kuDenga, zvinova kuti, Mwari Munhu. Maona? Mwari Munhu, saka zvinozviratidza. Zvino Mwari pavakadzika kuzogara pakati pedu, Vakanga vari Munhu. Maona? Munhu, saka zvinoratidza kuti chakakwana



cheshanduko yechimiro chezvisikwa vaiva Mwari, vanova Munhu.

<sup>33</sup> Zvino ukatora muti, (ukatora uswa nezvimwe zvakadaro), ukatora muti, unoratidza Muti weHupenyu uri kuDenga. Zvinhu zvese izvi zviru kutamburira kusvika pakukwaniswa. Uye chose chiri panyama, sekutaura kunoita VaHebheru pano, chakaitwa nezvinhu zvisingaonekwe. Nemamwe mashoko, zvinhu zvemweya. Uye zvemweya zviru kuratidza zvepanyama. Maona? Zvino, zvino zvepanyama zvaive zvaZiyendanakuenda, kana kuti zvaizove zvekusingaperi nezvemweya, asi chivi chakatsveyamisa zvepanyama. Saka, zvino kana zviru saizvozvo, zvandinotenda kuti ndizvo, zvino zvese zviru kuitika panyika mufananidzo wezvinhu zvemweya zviru kuitika. Maona? Zvinofanira kuratidza chimwe chinhu, kubudirira kwemunhu.

<sup>34</sup> Zvino, tinoona kuti, semutumbi wenyama, heunoi mutumbi wenyama, uye mutumbi wakagadzirwa kuti ugozvibereka, vanova vana. Uye zvino mutumbi wenyama, mukuzvarwa panyama kwemucheche, tinoona kuti chinhu chekutanga chinobuda imvura, kwouya ropa, zvino kwozouya hupenyu. Tinoona kuti mumutumbi wepamweya waKristu, chinhu chekutanga imvura, neRopa, neHupenyu; kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Onai kuti zvinoratidza sei, zvinhu zvose zvepanyama zvichiratidza zvinhu zvepamweya. Kuberekwa kwepanyama.

<sup>35</sup> Totoro, semuenzaniso, kubatanidzwa mumuchato. Tinoona kuti, muchato; tinowana kufambidzana, nezvibvumirano, zvino kwozouya muchato. Izvozvo zvinofanira kuzvigadzirisira zvenguva dzese. Zvino, ndizvo zvimwe chetezvo naKristu neChechi. Maona? Kufambidzana, Mwari vachidana kumoyo yedu; tozvipira; chiitiko chemuchato, zvino Mwenga unotora Zita reChikomba. Maona? Maona? Maona? Hezvoka izvo, ndizvo zvinogadzira Mwenga. Zvino, nguva dzose mwenga anotora zita rechikomba.

<sup>36</sup> Pane zvinhu zvakanwanda zvataigona kutaura nezvazvo pano. Ndine zvakanwanda pasi zvinonditorera maawa maviri kuti ndizvipedze, potse, neMagwaro anozvitsigira izvi, sokuti kana muchida mamwe acho pano ekuzvitsigira. SaJohane Wokutanga 5:7, inoratidza kuzvarwa kwepanyama nekwepamweya, nezvimwe zvakadaro, “mvura, Ropa, neMweya.” Uye nevatu Kudenga, “Baba, Mwanakomana, naMweya Mutsvene,” vatu ava ndemumwe. Kune zvitatu zvinobvumirana panyika, hazvisi chimwe chete, asi zvinobvumirana pachinhu chimwe chete, panyika, zvinova “mvura, Ropa, noMweya.” Munooona, “mvura, Ropa, neMweya,” sekufananidzirwa kwazvo nekuzvarwa kwepanyama.

<sup>37</sup> Saka kana munhu akazorora papfungwa yekuti “kururamiswa ndiko chete kwaunofanira kuva nako,” ari kukanganisa, kukanganisa. Anotofanira kunge achikanganisa.

Zvino kana chechi inotenda sevazhinji vePentekosti, kuti Mweya Mutsvene ndiwo wacho, “ndiwo chete, ingotendeuka uwane Mweya Mutsvene,” zvichingori zvisiri izvo, nekuti unofanira kuwana kucheneswa imomo kuti kuichenese Mweya Mutsvene usati wapinda. Kana ukasadaro, unosiya Ropa kunze. Maona? Zvino Kuberekwa patsva, sekutaura kwevanhu kuti rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene ndiko Kuberekwa patsva. Zvino, izvozvo handizvo. Rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene rwakasiyana neKuzvarwa patsva. Kuzvarwa patsva ndipo apo paunozvarwa patsva. Asi Mweya Mutsvene ndipo apo panouya simba muKuberekwa ikoko kuti ushumire. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Mweya Mutsvene ndiwo. . . kubhabhatidzwa muMweya Mutsvene.

<sup>38</sup> Kuzvarwa patsva, unova neKuzvarwa patsva nokutenda munaShe Jesu Kristu. Maona? Nokuva nokutenda nokuMugamuchira seMuponesi wako, ndiko Kuberekwa, munoona, nokuti wabva murufu wapinda muHupenyu. Zvino, kana uchida kuzvitsigira izvozvo, tora Mutsvene Johane 5:24, “Uyo anonzwa Mashoko aNgu uye achitenda kune Uyo akaNdituma, ane Hupenyu husingaperi.” Munoona, ane Hupenyu nekuti anotenda. Zvino boka rimwe chete iroto rakatozoenda kuPentekosti kuti rinobhabhatidzwa neMweya Mutsvene. Ndizvo chaizvo.

<sup>39</sup> Mweya Mutsvene isimba rekushumira. Saka pakutaura nezve kuti unofanira kubarwa patsva, uye uchiisa izvozvo kuMweya Mutsvene, vazhinji vemaMethodisti nevakadaro vanokanganisa ipapo. Hazvikwanise kudaro. Hazvitoenderane nemuMagwaro pano. Unotsveyamisa nyaya yacho. Inofanira kuzvitora semanyorerwo azvakaitwa neGwaro richizviisa kunze kuno. Maona? Uye Mweya Mutsvene ndiye. . . “Muchagamuchira Kuberekwa patsva mushure meizvi”? Chii? Kwete. “Muchagamuchira simba,” Mabasa 1:8, “mushure meizvo Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyu.” Maona? Uye vakanga vatotenda kare kuHupenyu Husingaperi, nezvimwe zvakadaro, asi vaifanira kuva neMweya Mutsvene kuti vave nesimba. “Muchava zvapupu zvaNgu shure kwekunge Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu,” nekuti Mweya Mutsvene ichapupu chekumuka kubva kuvakafa, zvichiratidza kuti wava munhu akura muna Kristu.

<sup>40</sup> Zvino, zvepanyama. Zvinhu zvese zvepamweya, zvese zvinoitika nezvimwe zvakadaro zvinogunzva, kana kuti kufananidzira zvepamweya, kana kuti zve—zvepanyama mufananidzo wezvepamweya.

<sup>41</sup> Zvino, ndakaenda kuWorld’s Fair patakanga tiri pedyo nayo ipapo muSpokane, zvino ndakafunga kuti ndaizotora mhuri.

<sup>42</sup> Nekuti ndakangoenda kuWorld Fair imwe chete muUnited States, uye ndipo apo payaiva muChicago, makore apfuura, Hope neni takaendako. Uye hatina kuzogarapo asi rinenge zuva

rimwe chete, vanoba muhomwe, nezvose. Aiva nepini yaakapiwa nehama yangu, zvino ndichitofamba parutivi rwake, mumwe munhu akamubvisa pini iyoyo. Kungo . . . zvaingotyisa. Uye saka ini . . . Takagara zuva rimwe chete ndokudzoka.

<sup>43</sup> Asi World's Fair, yandakatora mhuri ndikaendako nayo. Yakanga isingadariki iya Louisville Fair iri neche kuno chaiko. Munoono Space Needle yavaitaura nezvayo, yakange isiri chimwe chinhu kunze kwekuenda kuno kuElsby Build- . . . kana Brown Building kana kumwewo, wokwira panzvimbo inenge yechisere kana yechigumi nerifiti wozodzoka zasi. Zvotopera zvakadaro. Uye ndinofunga kuti General Electric ndiyo yaive nacho ipapo. Asi pane chinhu chimwe chete chakanga chakanosiyana nezvimwe. Zvino, Germany yaive nezvayo zvayairatidza, Russia nedzimwe nyika dzose dzaive nazvo, nekuti kwaive Kuratidza kwePasi rose. German, France, nezvairatidzwa zvidiki zviya zvakanga zvisina nzvimbo yakakura zvakanyanya kudarika zvingava zviri purupiti iyi iri pano.

<sup>44</sup> Asi vezvesainzi vakava nebudiriro dzavo, uye chinhu chikuru chavai—chavaiita nezvacho, kwaiva kushandiswa kwefodya. Uye kana munhu upi zvake anoputa midzanga akapindamo, obudamo achinoputa zvakare, pane chakakanganisika nepfungwa dzemunhu iyeye. Pandakavaona nemaziso angu aya vachitora mudzanga vachiuisa mumuchina, uye vodhonza u—utsi hwefodya kubva ipapo vohufuridza nemuchubhu yemishonga, uye kenza chena yakangozara mairi, nemudzanga mumwe chete. Akabva ati, “Vanhu vazhinji vanoti,” ava vebudiriro yepamusoro-soro, yepasi rose pazviri, akati, “vanhu vazhinji vanoti, ‘handihukwevere mukati.’” Zvino wezvesainzi uyu akatora mudzanga wacho pachake ndokupfumbura chiutsi mumuromo make, asingahuburitse nemumhino dzake, kana kuti zvisinei hazvo vanohudzikisa mumapapu avo, asi ndokungohuisa mumuromo make akafuridzira mumishonga mimwe chete, pakanga pasina kana kenza mahuri. Akati, “Yaenda kupi? Mumuromo mangu. Pandinomedza, inopinda mudumbu, chaizvo.” Akati, “Zvino . . .”

<sup>45</sup> Ipapo pfungwa yakauya, “Sei vanachiremba vachiti midzanga haikuvadze?”

<sup>46</sup> Akati, “Munhu upi zvake angatengesa hudangwe hwake! Chiremba anotaura chirevo chakadaro anogona kuenda pamudyandigere, nekuti makambani efodya anomupa yakakwana yokuti aende pamudyandigere.” Chaizvoizvo anotengesa hudangwe hwake, nokuti akapika kusaita chinhu chakadaro. Asi vanozviita zvakangodaro.

<sup>47</sup> Uye akati, “Heino michina iyi iko zvino. Tichazviratidza pachena kwauri kuburikidza nekubudirira kwesainzi.” Uye vaiva naYul Brynner, munomuziva, mutambi wemumabhaisikopo imomo. Izvo, uye kana kapasuru kadiki

kaya kenikotini. . . Akati, “Zvino vanoti ‘dzine sefa.’” Akati, “Munhu anoita izvozvo, anongoratidza chimiro chepfungwa dzake. Nokuti kana usina utsi, hauna tara, uye tara ndiyo inogadzira utsi. Uye kana uri kuputa mudzanga une sefa,” akati, “zvinотора inenge mitatu kana mina kugutsa panogutswa neimwe chete isina, nekuti zvinongотора imwezeve tara ine humwe huwandu kugutsa.” Kana ukasawana hutsi, hapana tara. Panofanirwa kuva netara kuti pave nehutsi. Saka ndizvozvo. Akati, “Puta hako, kana uchizoiputa, puta imwe chete isina kana sefa pairi. Anowana. . . Mudzanga mumwe chete unogutsa panoda mitatu yeimwe mhando, nekuti uri kungodhonzа tara shoma.”

<sup>48</sup> Mano ekutengesa nawo chete! Ndizvo zvoga zvakazara munyika yese mano ekutengesa nawo, netsvina nezvimwe zvese.

<sup>49</sup> Uye ipapo akabva aitora ndokuratidza kuti kapasuru kamwe chete kakabatwa sei pahuro kana mumapapu. Uye pakutanga kachena, zvino kanoshanduka kuita pinki, uye kubva papinki koshanduka kuita pepuro. Kachikamu—kachikamu kechizenga chidiki ichi kaitaridzika kunge kahombe *kudai* nemugirazi, asi, chaizvo, unotотора girazi rinokudza zvakanyanya kuti uone kachizenga aka. Akabva ati, “Kana kaita ruvara rwepepuro, wava ne kenza.” Akati, “Munhu anoputa pakiti rimwe chete refodya pazuva ane mukana wakapetwa makumi manomwe kubva muzana wekufa nekenza kupfuura munhu asingaipute.” Uye zvinoita sehupenzi kuzviisa panjodzi yakadaro.

<sup>50</sup> Zvino, akabva atora chimwe chinhu akazviratidza, akabudisa gonzo jena. Zvino ndokutora mudzanga akauisa mumuchina, ndokuukweva napamusoro pechimwe chinhu chakaita sedombo remarble jena, ndokutora ka—kadonje, ndokutora nikotini yaive yabva mumudzanga mumwe chete ndokuizorera pamusana wegonzo iri. Pamazuva manomwe ega-ega vaive nerimwe gonzo raibuda. Uye vaitofanira kunge vaine rimwe chete repachidzidzo chezuva iroro. Uye voisa gonzo iri mukati kwemazuva manomwe voriburitsa, kenza yaiwonekwa yakatundumara *kudai* pamusana wegonzo. Mamwe acho haatomborarami mazuva manomwe iwayo. Gonzo raisakwanisa kufamba. Handina kukwanisa kudya kwemazuva maviri kana matatu, nekungotarisa chinhu chaisemesa kudaro, chakamira ipapo nekenza, uye ichiyerera nepamusoro pemakumbo aro nezvimwe zvakadaro, kenza huru yakazvimba kusvika hafu yeinji kumusana wegonzo, yenikotini yakabva pamudzanga mumwe chete. Zvino munofunga kuti zvakavamisа izvozvo? Mumwe murume muhombe akanga agere pedyo neni ipapo, aine dikita richiyerera kumeso, ndokuti, “Zvinoita sokubata-bata izvi, handizvo here?”

Ndikati, “Unoputa here?”

Iye akati, “Hongu, changamire, ndinoputa.”

<sup>51</sup> Ndikati, “Zvakanaka, manje unofanira kusiya.” Asi ndizvozvo, kubudirira, izvo zvavanogona kuratidza kuti inozviita.

<sup>52</sup> Zvino, ndakafanotaura kuti nyika yakamira uye kana budiro yehungwaru ichiripo, shure munguva yekurambidzwa doro apo paive nefaindi yakati yekutengesa bhodhoru rehviski, ichange yakapetwa kagumi faindi iyoyo yekutengesa pakiti refodya mumakore mashoma kubva iko zvino, ndokunge kana budiro ichiripo. Yakashata zvapakapetwa kagumi kupfuura hwiski. Chokwadi yakadaro. Ino—inouraya, iyoyo. Uye unogona kuudya vanhu nezvayo, uye havamboteerera zvakanyanya pazviri. “Muparidzi muumburuki mutsvene,” zvisiyei zviende. Munoono, ndizvozvo, havazvicherechedzi.

<sup>53</sup> Asi, pfungwa yangu ndeyekuti, zvinhu izvo zvakanwanisa kubudirirwa pazviri nesainzi. Vakanga varipo paWorld Fair, vachiratidza netsvakurudzo yesainzi izvo zvakanwanisa kubudirirwa pazviri nesainzi pazvinhu zvepanyama. Zvino, tiri pano tichiratidza netsvakurudzo yepamweya izvo Mwari vakakwanisa kubudirira pazviri nevanhu vanotenda Shoko raVo. Zvino, kuti uwane kubudirira pazvinhu zvesainzi, unofanirwa kushanda maererano nemaitiro esainzi. Kutu uwane kubudirira pazvinhu zvepamweya, unofanirwa kushanda maererano nemaitiro ezvepamweya. Zvino, munofunga kuti gonzo iroro raitaridzika zvinotyisa, zvinova ndizvo zvaraive, munofanira kunge makariona! Ndinoshuva kuti dai ndine mufananidzo waro, kunyange, wekuratidza. Dai ndakakwanisa kuva nawo, ndaizodaro, asi vaisabvumira kuti uve nawo. Asi cherechedzai. Chokwadi, gonzo rinongorarama mamwezve maawa mashoma, mamwe acho haatomborarami mazuva manomwe acho ese. Asi pafungei!

<sup>54</sup> Unofunga kuti rairatidzika serakadyiwa nekenza, unofanira kuona zvinenge zvakaita mweya wakaramba Evhangeri. Unofanira kuona kuti chinhu chinotaridza kutyisa zvakadii. Kutu dhimoni rinobata munhu sei uye rinogona kushandura mwanakomana waMwari kumuita chinhu chinotaridzika zvinotyisa, sezvaari mumeso aMwari. Oo, anogona kunge akareba mafiti matanhatu, uye nemapendekete akaita sehamheno hazvo, nevhudzi rakakereka uye *nechii zvacho*, izvozvo hazvireve kana chinhu. Mukati memunhu ndimo munogara. Kunze iguruva, zvisinei.

<sup>55</sup> Saka kubudirira, uye zvadaro ivo vaizoratidza, vaine iyi space needle nezvose, izvo zvavakararidza kuti vabudirire, izvo zvavakanga vakwanisa kuita, uye nokutsanangura maatomiki avo ose nezvimwe zvakadaro. Vaive nezvavakafanotaura zvekuti Chevrolet ichazova yakadii. General Motors vaive nayo pakuratidzwa, izvo ve...mune rimwe, zana remakore rinotevera, kuti Chevrolet yezana ramakore rechimakumi maviri inenge yakaita sei. Yairatidzika kwandiri sekunge po—pombi

yegasi ine chivharo pamusoro payo. Zvino, vakaratidza kuti yaizoshanda sei uye yaizopisa muinjini nesimba remaatomu nechimwe chinenge bapiro rinozosimuka pamusoro perimwe rofambisa. Izvozvo zvingava mu—mukana mukuru.

<sup>56</sup> Asi handizivi kana tikakwanisa kuvhura zvakare mumapeji eBhuku raMwari, mangwanani ano, tigoona kuti chechi ichange ichitaridzika sei panguva iyoyo, toona kubudirira kwakaitwa naMwari. Oo, kuti zviitiko nguva dzose panyika pano zvinomirira zvakadii chimwe chinhu chinobva kune imwe nzvimbo; asi kana chasvika panyika, kazhinji chinenge chiri muchimiro chakatsveyama nekuti chiri munyika yerima nechivi. Maona? Asi zvino pane kumirirwa kwechokwadi munzvimbo dzemweya dzekune chimwe chiyero. Kubva pakuva muzvinyero zvitatu, zvadaro chiyero chechitanhatu chine humiririri hwacho. Ndinofara kwazvo naizvozvo.

<sup>57</sup> Zvino, ngatingotorai kubudirira kwatakwanisa kuita mumakore mashoma apfuura. Zvino, ngatitangirei pane chimwe chinhu chakaitika. Handisi kuzokuchengetai kwenguva refu, Ishe vachida, asi ndinoda kuti muone izvi nekukurumidza. Uye, oo, pazvakauya kwandiri, ndakanzwa kuda kubhururuka ndichienda. Zvino cherechedzai, zvino, makore mashoma apfuura kufamba nzendo kwaitwa nebhiza nengoro, kasiri kare-kare kwazvo, kare hako. Ndaimbotyaira zvangu ndiri mungoro nebhiza, uye ndiri pachisharo chebhiza. Pandakanga ndiri mukomana, ane makore gumi nemashanu, gumi nematanhatu, ndaitasva bhiza, uye ndichienda kuguta ndiri mungoro nebhiza, ndichityaira ndichipfuura nepachechi iyi pano, mugwagwa une madhaka kunze uko, uye paine doro pano rizere nemasora akareba sechivakwa chino, potse, nengoro nebhiza, tichiendesa bhatabhinzi nezvimwe kubva paparazi.

<sup>58</sup> Iye zvino ndinopapfuura nemotokari ine simba rakawedzerwa. Musiyano wakadini! Zuva rebhiza nengoro, tevere zuva remotokari.

<sup>59</sup> Zvino ipapo zuva rendege rakauyawo, iyo ikabva panyika ichienda mudenga. Zvino, kana mukatarisa, sechokwadi chekuti kubudirira uku kwakaitwa nesainzi, kana munhu akave nepfungwa yemweya uye nekunzwisisa, zvakamiririra kubudirira kwehupfumi hwaMwari neChechi yaVo. Zvino mazuva...

<sup>60</sup> Uye, rangerirai, mutumwa agara anouya pamagumo eMharidzo. Tinoziva mumazera echechi kuti takazviwana sei.

<sup>61</sup> Zvino, mazuva ebhiza nengoro aive ani? Ndiko kwaiva kuguma kwezera reLutherani. Munoono, mazuva ebhiza nengoro. Vaitenda mukururamiswa. Mwari vachiunza Chechi kubva muchiRoma, chiKatorike, Vakaiunza mukubudirira kwayo kwekutanga kwepamweya, kwekuti, “Vakarurama

vacharama nokutenda.” Ndiwo aiva mazuva ebhiza nengoro, apo vaibva mune . . . kumazuva ebhiza nengoro, ayo akapera.

<sup>62</sup> Zvino, kubudirira kwakatevera kwakaitwa nemunhu mumaitiro ezvokufambisa yakanga iri motokari. Uye, munocherechedza, motokari iyi inowedzera nguva dzose, musimba rayo.

<sup>63</sup> Zvino, pakupera kwezera raWesley, kwakaunzwa nekubudirira kwepamweya, kucheneswa, zvinoreva kuti chechi yakasimudzwa kubva pachinhano chekururamiswa ichienda pachinhano chekucheneswa.

<sup>64</sup> Zvino, ndinoda kuti murangarire izvi patiri kuenderera mberi, kuti chechi iri kudanwa kunzi “chechi” haisi Chechi. Chechi iChechi, yepamweya! Makumi ezviuru zvakapetwa zviuru zvemaLutherani zvakajoinha chechi, vakanga vasingambozivi zvachose nezvekururamiswa sekusazivawo kungaita nguruve chisharo chekugara pabhiza nedivi. Ivo—ivo hapana chavaiziva nezvazvo. Uye muzera raWesley, kuti makumi ezviuru vaitaura sei nezvekucheneswa, vakanga vasingazivi nezvesimba raMwari rekuchenesa se—sekusazivawo kunoita tsuro pamusoro peshangu dzemuchando. Munoono, vakanga vasingazvizivi zvachose.

<sup>65</sup> Asi pane vanhu vakabudirira pazviri. Hareruya! Muri kuona kwandiri kusvika. Pane munhu akaziva kuti “kururamiswa” kunorevei pamberi paMwari, “kuva nerugare naMwari kuburikidza naIshe wedu Jesu Kristu.” Kwaive nevamwe vemaLutherani vaive vakavimbika. VakaZvitenda. Hazvina mhosva kuti chechi yeKatorike yakati kudii, vakatenda Shoko raMwari uye vakamira paRiri nokuti mutumwa wezera iroro akaparidza “vakarurama vacharama nokutenda,” uye vakatenda muchinhano chekururamiswa. Uye vakakwanisa nenyasha dzaMwari kubudirira mukururamiswa, vova nerugare naMwari kuburikidza naIshe wedu Jesu Kristu.

<sup>66</sup> Zvino, tinocherechedza zvakare, kwakazouyawo maMethodisti nekucheneswa. Paiva nevazhinji maMethodisti vakanga vakacheneswa chaizvo. Zvino, pane vazhinji vakazvitaure uye pasina chavaiziva nezvazvo. Chechi yeMethodisti yakadzidzisa kucheneswa. Vaiti vakapfugama vochema vosimukazve, vobva vati, “Mwari ngavakudzwe, ndacheneswa!” Asi voenderera mberi vachirama sezvavakangogara vachiita. Asi vamwe vevarume iravo nemadzimai vakanga vakacheneswa zvirokwazvo kubva pazvinhu zvenyika, uye vakararama hupenyu hwakacheneswa, hwakatsaurwa. Sei? Ndiro raiva zera remotokari rakatora simba rebhiza rakawedzera. Motokari, mhando yeT-model yekare inogona kunge yaive nesimba remabhiza gumi nemashanu kana makumi maviri. Munoono, yaiva nemabhiza gumi nemashanu kana makumi maviri aive ari muijini duku yakadaro. Kucheneswa! Sainzi payakawana chimwe chinhu kuburikidza

ne—ne—nezvepanyama, Mwari vari kubudirira pane chimwe chinhu kubudikidza nemweya. Munoono, chimwe chinhu chiri kuitika nguva dzose. Uye mushure mezera rokucheneswa . . .

<sup>67</sup> Zvino, tinitora munhu akaita saBevington wekare. Varume, ndiani angadai akava munhu mukuru kudarika Hama Bevington vekare? Uye tarisai John Wesley, George Whitefield, Finney, Knox, vazhinji vekare veMethodisti vakashingaira zvikuru. Vakapfuura nomugehena panyika, kutambudzwa, nekuti waitenda kuti Shoko raMwari rinodzidzisa kucheneswa, danho rechipiri renyasha, uye vakagara naro, uye vakaritenda, uye vakaita zvishamiso naro. Zvakangofanana nezvakaitwa naHenry Ford nevamwe pane zvekufambisa pamhando yemodeli-T Ford zvichienzaniswa nebhiza, akapfuurira mberi uye pamusoro pezuva rebhiza. Uye Wesley akaenderera mberi pamusoro pezuva reLutherani.

<sup>68</sup> Uyewo kwakazouya Pentekosti. Uye sesainzi yenyika yakakwanisa kubudirira pa—pa injini yemotokari, maWright Brothers vakasika kana kuti vakaita, vakagadzira, waro, ndege, muchina unobhururuka waiva pamusoro kwazvo pemota iri panyika, nekuti wakaenda mudenga. Zvino, maWright Brothers, kuburikidza nekubudirira kwavo, vakakwanisa kutora sainzi nekutevedzera chimwe chinhu pano panyika, kuratidza kuti paive nechinhu chikuru chemweya chaigadzirira kuitika. Uye apo maWright Brothers vakakwanisa kubudirira kubvisa tsoka dzemunhu panyika, Pentekosti yakadonha ikakwira mudenga nechipo chemweya, nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Akaenda mudenga! Oo, hareruya! Akabvisa tsoka dzake pasi kuti agone—kuti agone kushambira achitenderera, ndokusimuka achienda mudenga! Oo, akanga ari kure kwazvo sei pamusoro pebhiza nengoro! Akanga ari kure kwazvo sei pamusoro pemotokari! Akanga ari kumusoro mudenga. Akanga achigogodza uye achipfumbura chiutsi uye achiputika—putika, asi aibhururuka. Munoono, izvo munhu anobudirira panyika, nokuti zvakagadzirwa nezvinhu zvisingaonekwe. Mwari vakakwanisa kubudirira pane chimwe chinhu kuburikidza navanhu vakanga vakazadzwa neMweya vakanga vaine nzara nenyota, neavo vaizogara neShoko.

<sup>69</sup> Zvino, dai Wesley asina kubuda achimira paShoko uye akava nezita rakaipa shure kwake, akanzi munhu anopenga, uye zvimwe zvose, angadai asina kumbobudirira. Asi Wesley aive mumwe wevakuru vezvesainzi vaMwari. Luther aive mumwe wevakuru vezvesainzi vaMwari. Vaive vasina basa nezvaitaurwa nemachechi, zvaitaurwa nemasangano. Luther akanga asina basa nezvaitaurwa nemaKatorike, aitenda kuti vakarurama vachararama nekutenda! Hareruya! Uye akatora mishonga yaMwari yeShoko ndokuibatanidza, uye chechi ikafamba nokutenda. Wesley akazviisa pamwe chete kubudikidza neRopa, uye akazviratidza neRopa, uye chechi ikabva yacheneswa.



VePentekosti waitenda kuti rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kuti vimbiso iyi ndeyenyu nekuvana venyu nekune avo vari kure, zvino vakabatanidza mishonga pamwe chete kubva muShoko, ndokuenda mudenga. Hareruya! Vakabuda, nekuti vakakwanisa kugona kuita zvakadaro.

<sup>70</sup> Zvino, sei varume ava vakaita izvi? Sei Luther akazviwana? Sei Wesley akazviwana? Ko sei vamwe ava? Nekuti zvinhu zvakanga zviripo pasi pano zvaikwanisa kugadzira mhando yeT-model Ford. Paive nemagetsi aikwanisa kuita kuti mo—motokari ifambe. Paive nepeturu panyika, paiva nemapistoni nezvimwe zvakadaro, hurongwa hwese, kabhoni yejenareta, nezvose zvavaizofanira kuva nazvo kusika zvinhu izvi, uye cherechedzai kuti zvakatanga . . . kuzvigadzira, waro, kwete kuzvisika. Mwari ndivo Musiki, Vaiva nazvo zviri pano. Asi munhu akazvitenda muchiyero chesainzi, yezvepanyama, ndokuzviongorora, uye vakaramba kugamuchira “kwete” semhinduro. Vakazvitenda. Chakanga chiri chizaruro mumoyo mavo, uye vakagara nacho kusvikira varatidza kuti chaiva chechokwadi.

<sup>71</sup> Ndiwo maratidziro akaita John Wesley kucheneswa. Zvi—zvinhu zvacho zvekugadzirisa zvakanga zviri pano, Shoko raMwari rakazviunza. Iye akazvitenda! Hazvina mhosva kana chechi yose, chechi yeAnglican nevose vakamuramba, akaramba aine kutenda kwake uye akazviratidza. Zvino maPentekosti vakauya vakaratidza, nokuti vaiva nezvinhu zvacho, kuti Mweya Mutsvene wakanga wakarurama. Vakaenda muchadenga.

<sup>72</sup> Macherechedza here kuti, imwe—imwe yebudiro idzi dzesainzi yaiperekedza imwe yayo, yaitsigira imwe yayo. Yaingova iri mhando iri pamusoro. Maona? Motokari yaive mhando yepamusoro yemafambiro kupfuura bhiza, uye ndege yakanga iri mhando yokufambisa yepamusoro kupfuura motokari, asi zvaiperekedzana. Simba rebhiza! Amen! Kana riri simba rebhiza, ko zvakadini simba raMwari? Ko zvakadini neMweya Mutsvene nesimba? Simba reMweya Mutsvene rinogona kukururamisa, simba reMweya Mutsvene rimwe chete rinogona kukuchenesa. Simba reMweya Mutsvene rimwe chete rinokuchenesa, rinogona kukuzadza neHupo hwaKe. Uye sainzi diki, vaisaziva maABC avo, vakariwana. Sei? Vaive vezvesainzi vepamweya. Amen. Vakaona chinhu chacho, vakachitenda. Munhu akazviita nedzidzo, wezvesainzi wepanyama. Wezvesainzi vepamweya akazviita nechizaruro. Mumwe nedzidzo, mumwe wacho nechizaruro. Oo, kana tikangogona kuvhura. Pane mhando dzese dzezvinhu dziri pano. Ndizvozvo.

<sup>73</sup> Zvino tinocherechedza kuti zvinofamba sei, kuti Mwari vakakwanisa sei kubudirira pazviri. MumaPentekosti, vakaenda mudenga. Vakaita sei . . . Zvino kwakadzoreredzwa kuchechi, kupodzwa, kutaura nendimi, chizaruro, zvipo zveMweya. Izvo, Luther hapana chaaziva nezvazvo, kanawo naWesley. Havana

kumbozvidzidzisa, hapana chavaiziva nezvazvo. Zvakanga zvirikunze kwezera ravo.

<sup>74</sup> Sei, Henry Ford aizozivei pamusoro pengege mazuva iwayo maWright Brothers asati asvika? Munoono, vangadai vasina kuzviziva. Ipapo chinhu chimwe chete icho mu—munhu kumashure uko achityaira bhiza nengoro, makore mazana mashanu akapfuura, hapana chaiziva pamusoro pengoro inofamba isina mabhiza, Bhaibheri bedzi ndiro rakati ichange iripo. Saka vakakwanisa kuzviwana kuburikidza neongororo yesainzi. Uye pazvakaitika panyika, Mwari vakazvimiririra nebudiriro kuburikidza neChechi yaVo. “Nekuti zvinhu zviripo, zvinoonekwa, zvakaitwa nezvinhu zvisingaoneki.” Munoono, kuratidzwa kwayo.

<sup>75</sup> Zvino, zvino zera rePentekosti, pamakore makumi mashanu achangopfuura, rakatumira rumutsiro rwakapota pasi rose, ruwine marudzi ose ezvinhu zvose zvirimarwuri. Uye vakava nekupodzwa, uye nezvirwere zvichipodzwa, zvirema zvikapodzwa, mapofu akadzorerwa kuona kwawo. Munofunga kuti nyika yakazvitenda here? Kwete, changamire. Havana kutenda Luther. Havana kutenda Wesley. Havana kutenda maPentekosti. Asi Mwari vakatora Bhaibheri, mutsvakurudzo yake, murume akanga aine chido chekuzviita, akatora Bhaibheri ndokuratidza kwazvirikunze rakanga riri rechokwadi. Amen. Zvino tinofanira kurangarira izvozvo, tinofanira kuzvitenda, tichiona kuti zvinhu izvi zvaiva mufananidzo. Zvino takatorarama kare munguva yePentekosti. Zera rePentekosti, sezvandaridzwa uko, rinopinda muzera reRaadhikia.

<sup>76</sup> Asi zvino chimwe chinhu chakaitika. Tava nemufambi nechitundumuseremusere zvino. John Glenn ndiye aive mufambi wedu wekutanga nechitundumuseremusere. Uye tinoona kuti zviripamusoro pengege nekure kwazvo, ndege inokwanisa chete kusvika pakuvhutirwa kwayo simba nezvimwe zvakadaro. Asi izvi zvinoitwa nesimba remaatomu, simba guru rinomumanikidzira kumusoro kwazvo kupfuura ndege, ndege kunyange—kunyange izvi hazvimo mairi. Ndizvozvo chaizvo. Akakwanisa kuita izvozvo. Zvakana. Zvino tave nemufambi nechitundumuseremusere, zera repanyama.

<sup>77</sup> Uye, rangarirai, mutumwa anouya kumagumo emharidzo yekumashure, nguva dzose. Takazviratidza izvozvo ipapo. Iye zvino tave pamutsara wemufambi nechitundumuseremusere. Amen. Amen! Mwari vaka . . .

<sup>78</sup> Sainzi yakakwanisa kuratidza kuti kune mufambi nechitundumuseremusere anogona kuenda kure kwazvo kusvikira usisakwanise kuchiona nemaziso ako enyama, uye chinogona kuenda zvisinei kana paine simba rakavhutirwa ikoko kana kuti kwete. Anokwanisa kungoenderera mberi achienda nokuti ari mutangi rakavhutirwa simba, uye anogona kuenda kumusoro ikoko ofamba achitenderera achiona nyika

dzakapoteredza. Mufambi nechitundumuseremusere! Oo, ini zvangu, izera rakadini iro riri kuuya. Hongu, changamire, anoenda kupfuura chero zvinhu zvepanyama zvachose, uye otsvaira achienda kunze uko chaiko.

<sup>79</sup> Zvinomiririrei? Zera remweya, nguva yemweya yekuti Mwari vanenge vaine vafambi nechitundumuseremusere vepamweya. Amen! Vari pano iko zvino! Hareruya! Zvapungu zvemudenga zvinogona kuenda mberi kwechero dzimwe shiri, zvinofamba napamusoro pezvinhu zvese, vafambi nechitundumuseremusere vepamweya (Kubwinya!) vanogona kutora Shoko raMwari voratidza kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Mufambi nechitundumuseremusere vepamweya! Oo, ini zvangu! Kubwinya! Zvinondiita kuti ndinzwe zvakanaka, kurarama muzera rino! Zvino chinhu chinoshamisa sei kumufambi nechitundumuseremusere vepamweya! Maona? Chii ichocho? Vezvesainzi vepanyama vakaiti? Vakakwanisa kubudirira muna izvozvo. Uye Mwari, kuburikidza nemunhu aizogara neBhaibheri otaura kuti “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” uye asingatyi vimbiso zvisinei kuti mumwe munhu anoti kudini, anogara nayo. Chii ichocho? Nova mufambi nechitundumuseremusere anokwanisa kuenda kure zvakananya zvinopfuura kufunga kwesangano. Zvinopfuurira chero chinhu chipi hacho. Zvinopfuurira zvinhu zvechechi. Kunze uko naMwari uye mogara naiYe woga. Vafambi nechitundumuseremusere!

<sup>80</sup> Uye, rangarirai, kuti ukwanise kuva mufambi nechitundumuseremusere, vaifanirwa kupinda mutangi, uye havakwanise kuzvifambisa pachavo. Zvintora simba reradha, simba remaatomu rinomusimudza kuenda kunze kudarika matenga, uye ipapo anofambiswa neshongwe. Kubwinya! Vafambi nechitundumuseremusere vemweya vaMwari vangori vamwe chete! Vanopinda mutangi, uye mune imwe nzvimbo, mune mumwe mutumbi, uye mutumbi iwoyo Mutumbi waKristu. Zvino, havasi ivo, ha—havasi, akanga asiri John Glenn, raive—raive tangi raakanga ari mariri. Waiva muchina wacho. Iye akangogaramo chete, hapana chaakaita. Akangove nehushingi chaihwo hwekuenda kumusoro ikoko uye akati “ndizvozvo,” nokuti sainzi yakanga yazviratidza.

<sup>81</sup> Mwari vanoda munhu anogona kuuya muna Kristu uye otenda kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye vorega kutora kufunga kwavo, voenda kunze muchadenga, vachifambiswa neMweya Mutsvene. Amen. Vafambi nechitundumuseremusere! Fiyuu! Zvatova kure kwazvo nebhiza rekare nengoro! Zvatova kure kwazvo kunyange nendege! Zvatova kure kwazvo nekururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene! Vave kuuya pakuva zvapungu. Kutanga, vaive madzvinu, ndokuzova huku, zvino

ndokuzove makunguwo, asi zvino vava zvapungu. Hapana anogona kuvatevera!

<sup>82</sup> Chapungu ishiri yakatsaurwa. Chinogona kukwira muchadenga kupfuura dzimwe shiri dzose. Chakagadzirirwa kuona, kuchengetedza musoro wacho wakananga pachinenge chaenda muchadenga imomo. Kune vamwe vanhu vanogona kusvetukira kumusoro-soro uye vasingachazive kuti varipi kana vasvika ikoko, nekuti haakwanise kuona kure kupfuura kwaasvetukira. Asi pane vamwe vanogona kutarisa kumashure voona kuti chii chiri kuitika. Ndicho chapungu. Anokwanisa kumira ipapo kusvikira azvitarisisa, omirira kusvikira anzwa shoko rinomuudza zvekutaura. Ndiye mufambi nechitundumuseremusere waMwari. Maona? Zvakatevera kumwe kubudirira kwese, ko sei zvisingateveri kubudirira kuno?

<sup>83</sup> Vafambi nechitundumuseremusere vaJesu. Amen. Haasimuki nesimba rake pachake. Anofambiswa nemoto. Chinhu chaanoita chete kupinda machiri. Ndizvo chete zvaunofanira kuita, kupinda machiri, Mwari ndivo vachapfura nekuisa panzvimbo. Harisisiri simba repeturu zvachose, kana, chimwe chitendwa chechechi. Isimba reatomu raMwari rinokusundira kunze uko kudarika muchadenga kunze uko. Amen. Oh! Sei, chimbori chii, ava vafambi nechitundumuseremusere? Ivo vane . . . Havana bedzi kungatora shoko rekuti *kururamiswa*, shoko rekuti *kucheneswa*, akapinda muBhaibheri rose. Amen. Akapinda mariri rose, nokuti anoziva kuti Mwari vanokwanisa kuita vimbiso yose yaVakamboita. Anongogara ipapo omirira. Oo, ini zvangu! Shoko rinosungirwa kuZviratidza pachaRo. Kana uchirwara, uye uri mufambi nechitundumuseremusere, ingorangarira, pinda muna Kristu, womirira kuverenga nenhendashure. Ndizvo zvega. Iye achapfura bara iri, usanetseka. Zvino, vakwanisa kuzvizadzisa nokuti Mwari vakazvivimbisa.

<sup>84</sup> Zvino, mukuru zvakadii uyu mufambi nechitundumuseremusere, zvinhu izvi zvino, kudarika simba rebhiza rekare, simba remotokari, uye—uye nesimba rendege! Munoono, mufambi nechitundumuseremusere, ari mudenga kwazvo zvekuti anogona kuona zvinhu zvisingaonekwe nemunhu ari mungoro nebhiza. Ari mudenga kwazvo zvekuti anogona kuona zvinhu zvisingaonekwe nemunhu ari mumotokari. Ari mudenga kwazvo zvekuti anogona kuona zvinhu zvisingaonekwe nemunhu ari kubhururuka nendege. Anenge atoenda kunze kwekufunganya. Amen. Kubwinya! Ndizvozvo. Apfuura chero budiro ipi zvayo ingafungwa nemunhu, chechi, sangano, “Unofanira kunge uri muMethodisti, Baptisti, kana kuva nhengo yeiyi, veoneness, vetwonest,” kana chero zvaingava. Iye mufambi nechitundumuseremusere,

akayangarara achienda kunze muchadenga. Ameni. Ndinotenda kwazvo!

<sup>85</sup> Uye, rangarirai, mufambi nechitundumuseremusere uyu anofambiswa nesimba reradha. Makavaona vachiunza John Glenn mukati. Ndakatarisa zasi kuCape Canaveral ndikaona chinhu chikuru chiya cheradha, uye hapana kana pawaikwanisa kumuona, asi waigona kuziva paaiva nekunongedzera kwaiita radha iri. Ndipo paainge ari ipapo. Maona? Uye isu tine radhawo, zvakare, munamato. Munamato ndiro simba reradha rinoratidza nzira kumufambi nechitundumuseremusere uyu. “Kumbirai Baba chero chipi zvacho muZita raNgu, ndichachiita.” Maona? Ingotarisai mafambiro ari kuita munamato wacho, munogona kuona nzira yaari kunongedzera. Ameni. Ingotarisai nzira yemanamatiro ari kuitwa nechechi, munogona kuona mabhururukiro achaita mabhambo ezvitundumuseremusere. Unogona kuzviona ne—nema fambiro ari kuita vafambi nechitundumuseremusere, nemanamatiro ari kuita chechi.

<sup>86</sup> Anonamata, “Ishe, chokwadi hatitendi muzvinhu izvi.” Uu-oo! Mufambi nechitundumuseremusere uyu ari kudzika. Ndizvo chete. Oo, hama!

<sup>87</sup> Asi kana zvinhu zvose zvichigoneka, “Ishe, dururai Mweya weNyu pamusoro pachechi uye mugoipa zvatinoshaiwa. Dururira pamusoro pedu Mweya Mutsvene, uye ingotibvisai kunze kwekufunganya kwese, uye tigtotenda kuti Shoko iri nderechokwadi uye tichanyatsomira naRo.” Tarisai paskirini zvino chinobva chatanga kusimudza musoro wacho seizvi, munoona. Mufambi nechitundumuseremusere ari kuramba achingoenda mberi uye achingoenda uye achingoenda, kumusoro muchadenga. Hum! Zvinoshamisa! Anoenda achidarika chero sanganano, anoenda achidarika chero chitendwa.

<sup>88</sup> Zvino rangarirai, kururamiswa kunoverengerwawo kune chitendwa, ndizvozvo, unotenda mukururamiswa sepane imwe nzvimbo semaLutherani nemamwe machechi avo madiki. Ndizvo zvavari, machechi madiki, asi havasati vasimuka kubva pasi nazvino. Iwe ukatora kucheneswa nemachechi ako madiki. Woti, “Ndeapi machechi madiki eLutherani?” Zvakanaka, Church of Christ neboka riya riri uko. “Ndeapi machechi madiki eHwisiri, kuMethodisti saizvozvo?” Nazarene, Pilgrim Holiness, machechi avo madiki. Zvino vePentekosti nemachechi avo madiki, ndege, chokwadi, veoneness, vetwoneess, vethreeness, vefourness, ose aya zvichikwira, Foursquare, Church of God, ose aine zvitendwa musanganano.

<sup>89</sup> Asi mufambi nechitundumuseremusere anopamura chidzitiro cheruzha. Anongopfuurira nepo zvakadaro. Hapana chaanonzwa. Oo, ini zvangu! Anongopfuurira mberi kwazvo zvose. Munoona, ari kumusoro ikoko uko zvinhu zvose... Ari kurarama ari muHupo hwaMwari. Hongu, changamire. Akazvivimbisa, Shoko raKe rinotaura kuti iYe Muprisita

Mukuru. Muri kuona radha iya hombe kwazvo igere kunze uko ichifamba? Muonei mumusangano. Munogona kuona kana Mweya Mutsvene wadzika muchimiro cheShongwe yeMoto sezvaAkavimbisa. Munhu haasi kuzongogara ipapo achiedza kufunga nezvaZvo nesainzi, mutendi chaiye. Iye chii? Iye iSkirini yeRadha. Mutarisei. Anotanga kunongedzera kwese-kwese. Ameni. Zvino rinobata uyo ari apo, uyo mufambi nechitundumuseremusere. “Une kenza. Une *zvakati nezvekuti*. Uri *Nhingi-nhingi* unobva kunzvimbo yakadai. Ishe Jesu vakupodza.” Hareruya! Anofamba achienda. Vafambi nechitundumuseremusere! Oo, ini zvangu, ndiyo Chechi zvaInofanira kuva iri! Iri pano.

<sup>90</sup> Kubudirira kwakaratiidzwa nesainzi. Vakazviratidza uko paWorld’s Fair. Tinako. Ameni. Zviri kuratidzwa kwese-kwese, zera remufambi nechitundumuseremusere ratiri kurarama mariri. Munoono, “Yakagadzirwa nezvinhu zvisingaonekwe.” Munoono, rakagadzirwa nechimwe chinhu chakabva Kudenga. NdiMwari pachaVo; uri muchiyero chiya chechitanhatu. Isimba raMwari. Tanga tiri munzvimbo yakadaro kusvikira takasimudzirwa muchiyero ichocho, kupfuurira chinhu ichi chekuenda kuguva nekuchema, nyaya iyi yekusungirira kachira pamubato wegonhi remufi uye totaura kuti fambai zvakanaka nokusingaperi. Hareruya! Takatopinda kare muchitundumuseremusere, ndokufamba rwendo kuenda kunze uko ndokuona kuti ndekupi, ndokudzoka. Kubwinya! Tiri kuenda kuMusha seri kwedenga mhiri uko, kupfuura kufunganya kwevanhu. Vatana vachashandurwa sei kamwekamwe mukubwira kweziso. Tichavaona ikoko, vakweguru nechembere, vave vechidiki zvakare. “Munozviziva sei?” Bhaibheri rinozvidzidzisa! Uye, Mwari vakaendesa mufambi nechitundumuseremusere ikoko, tinoziva nyaya yacho yese, ndokudzoka. Hakuna kunetseka nezvekufa. Kufa hakuna basa. Chokwadi, kurarama. Hongu, changamire. Kungori kubvisa tsoka dzako pasi kuti tiende. Oo, zvakaisvonakisa sei!

<sup>91</sup> Vakavimbisa zvinhu zvose izvi muShoko raVo, nekuti VaHebheru 13:8 yakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi.” Zvinhu zvaVakakwanisa, Mwari vanogona kuzviita nemunhu mumwe chete angazvipira kwariri, kuShoko raMwari, nokuti, sezvandakataura manheru apfuura, aigaramira neShoko nguva dzese.

<sup>92</sup> Zvino, munoziva chii, vafambi nechitundumuseremusere chaizvoizvo hachisi chinhu chitsva. Ko pana Eria? Dai akanga asiri mufambi nechitundumuseremusere, handisati ndamboona mumwe. Akaenda kusina kumbofungwa naJohn Glenn kuti angaendako.

<sup>93</sup> Zvakanaka, munoziva, vakamboita mumwe akasimuka zvishoma-nezvishoma pane imwe nguva. Zita rake ainzi Enoki. Akangofamba achikwira kumosoro, asi akanga ari mufambi

nechitundumuseremusere. Chokwadi. Akanga akavhutirwa simba, aisafanira kushandurwa, hapana. Kwete, akanga atovhutirwa simba paakatanga kufamba. Ndokungofamba kubva muzviyero zvese nezvinhu zvese, ndokufamba achibuda achipinda muHupo hwaMwari.

<sup>94</sup> Zvino mumwe mutana akanga aneta uye asisagone kufamba zvakanaka zvachose. Akanga aita gakava naJezebheri, nevhudzi rake pfupi nependi nezvose, kusvikira Mwari vangotumira ngoro pasi, vakati, “Ndichangokuita kuti umbofamba uchipfuura nemumakore masikati ano.” Mufambi nemuchitundumuseremusere!

<sup>95</sup> Imwe nguva Mumwe akauya kuzofira isu tose, uye Mwari vakaMumutsa nezuva retatu. Zvino varume mazana mashanu vakamirapo vakaMuona achitakurwa mumakore, neIzwi richiti, “Ndichauya zvakare.” Uye Ngirozi dzakadzoka ndokuti, “Jesu mumwe chete uyu atorwa kumusoro, Mukuru weVezvitundumuseremusere, achadzoka zvakare nenzira imwe chete, ari mumhando imwe chete yeimba yaAri mairi, mutumbi, usingafi.” Hareruya! “Uye tichava nemuviri wakafanana nemuviri waKe pachaKe unobwinya, nokuti tichaMuwona sezvaAri.” Oo, hareruya! Akadambura zvidziviso zvese zveruzha, zvidziviso zvese zvekufunganya, uye akapfuurira kufunganya, akapfuurira chero chimwe chinhu chese.

<sup>96</sup> Uye chero munhu anotongoraramira Mwari achatofanirwa kupfuurira chero pfungwa shanu, anotofanira kudarika pane chero dzidzo zvayo, chero budiriro ipi zvayo yakakwanisa kuitwa nemunhu, uye otenda Mwari, opwanya zvinhu zvose ozviisa parutivi, uye obhururuka achienda kumusoro kuDenga. Amen. Oo, izvo vafambi vechitundumuseremusere nevamwe vakadaro vakabudirira pazviri mune zvepanyama, Mwari vakakwanisa kuzviita nechechi yaVo, nevemweya, nevanhu vemweya vanotenda. Chero murume kana mukadzi anoshinga panguva ipi zvayo, chero nguva kutora Mwari paShoko raVo, mufambi nechitundumuseremusere.

<sup>97</sup> Ivo vachati, “Oo, izvo hazvina kana musoro. Inzwai vanhu ava vachichema, vachidanidzira, inzwai izvi? Ah, izvo hazvina kana musoro.” Avo vasinganzwisise.

<sup>98</sup> Mumwe munhu akandiudza, akati, “Makarota, Hama Branham, pamakaona nzvimbo iya.” Handina kumbova nechiroto. Ndave ndakamira kumusoro ikoko ndakatarisa pasi pandaiva ndakarara pamubhedha. Ndinogona kunge ndairota ndiri pamubhedha, asi ndakanga ndiri kumusoro kuno ndakazvitarisa ndiri pasi. Maona? Oo, Akangondipa karwendo kechitundumuseremusere mangwanani iwayo, ndokundiratidza kwekuenda. Uye zvinoratidza kuti radha renyu rinoratidza, chaipo pairi. Zvino, handisi ini, ndiYe. Mweya wako uri mauri uchitenda Mharidzo iyoyo, uye Mweya Mutsvene wakamira pano pandiri, uye ukazvitenda saizvozvo

zvino zvinobatana; zvino heino yonyatsodzoka, mhinduro yako. Mufambi nechitundumuseremusere! Amen. Oo, zvakaisvonaka sei! Hongu, changamire.

<sup>99</sup> Zvikuru, sainzi yakaita chinhu chikuru. Uye, munoziva, vakazviita zvikava zvikuru kwazvo kusvikira vave kutozvitya ivo pachezvavo. Ndizvozvo. Vave nehukuru hwakanyanya kusvikira vave kutozvitya ivo pachavo. Munoziva, vakati pano makore maviri apfuura, kwasara “maminitsi matatu kusvika pakati pehusiku.” Vari kutya. Vari kuitei? Zvino, munhu akakwanisa, panyama mumufambi nechitundumuseremusere wepanyama, zvino akakwanisa kubudirira pamufambi nechitundumuseremusere uyu. Uye anofunga kuti zvino kana Russia ikangotanga kuputisa nyika ino, kana imwewo nyika, achangobhururuka achienda kumwedzi.

<sup>100</sup> Ndakaona kanhu kadiki kakanakisa pane rimwe zuva, kakanga kakanakisa chokwadi. Paive nemaIndia madiki maviri aive akamira, achitaurirana, aine tumatumbu, munoziva, saizvozvo, nemunhenga kuseri kwemisoro yavo, uye vachikwazisana maoko, vachibhabhadzirana. Akati, “Hama, saka manjemanje tichava nenyika ichidzoka kuva yedu, murungu ava kuenda kumwedzi.” Akati, “Munguva pfupi tichava nenyika yedu yadzoka zvakare. Murungu ari kuenda kumwedzi, saka tichava nenyika yedu zvakare.” Zvakanaka.

<sup>101</sup> Oo, zvino vese vari kuda kugadzira zvimagaba izvi zvakawanda zvezvitundumuseremusere kuti vakwanise kupinda mazviri. Uye ze—zera remaatomu rikauya, vachaparadza nyika, vachangodhonza *ichi* zvino vose vobva vaenda kumwedzi, votora rwendo rwekuenda kumwedzi, uye vobva vatopedza nazvo zvese, uye saka vanozozviitira humwe hupfumi kumwedzi. Havasi kuzosvikako. Handitendi kudaro, nemoyo wangu wese, havasi kuzosvikako. Maona?

<sup>102</sup> Asi, panguva imwe cheteyo, mutendi wechokwadi chaiye muna Kristu akapinda muChitundumuseremusere chake. Amen. “NoMweya mumwe chete tinobhabhatidzwa tose muChitundumuseremusere chimwe chete.” Oo, Mutumbi mumwe chete! Unogona kumira pane chero rudzi rwekumanikidzwa. Vakauedza movira remoto, unomira mumoto, zvokuti haugone kutsva; kupisa kakapetwa kanomwe. Vakauedza mune zvinhu zvose, zvinobuda zvakanaka. Saka vezvesainzi vemweya vakakwanisa kuratidza kuti vanogona kumisidzana nechero chinhu. Saka mu—mutendi chaiye wemweya akazviperekedza ndokupinda muChitundumuseremusere chaMwari, Kristu, achitenda zvinhu zvose; achiisa parutivi zvitendwa zvake, zvitendwa zvePentekosti, zvitendwa zveBaptisti, zvitendwa zveMethodisti. Achangopinda muChitundumuseremusere, achiti, “Ishe, chinosisimuka rinhi?” Oo, ini zvangu! Ari kuitei? Ari kuuya



kumisangano midiki, ari kuteerera pakuverenga nenhendashure kweShoko raMwari.

<sup>103</sup> Munoziva, John Glenn paakagarapo mangwanani aye, vakanga vachiteerera pakuverenga nenhendashure. “Gumi, pfumbamwe, sere, nomwe, tanhatu, shanu, ina, tatu, piri, poshi, ziro.” Maona? Uye zvino asvika panzvimbo pazvinonzi, “Kwasara maminitsi matatu kuti chimwe chinhu chisimuke.” Havazivi kuti chii. “Maminitsi matatu kusvikira tava neawa yaziro.”

<sup>104</sup> Zvino cherechedzai, mutendi chaiye ari muna Kristu. Hapana kupomerwa kune avo vari muna Kristu. Paridza Shoko, gara chaizvo-izvo neShoko. Handina basa nezvinotaurwa nemasangano, vachaRitenda. Vachamira ipapo chaipo, nekuti iShoko. Vemasangano vanomutsa bope guru vovaburitsa musangano, vovadziringira kunze, uye voti “vanopenga,” nezvese zvakadaro. Asi vanonyatsogara neShoko iroro. Chero bedzi Mwari vakarivimbisa, vanogara ipapo nokuti vafambi nechitundumuseremusere. Vanotenda Shoko. Uye hapana nzira yekuvabvisa. Vachakusiyai zvakadaro, saka ingo—ingovaregai vakadaro kwekachinguva.

<sup>105</sup> Asi varimo imomo, vagere munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, vachiteerera pakuverenga nenhendashure, *MaZera EChечи* nezvimwe zvakadaro. Kubwinya! Zvinokuita kuti unzwe zvakanaka, hazvidaro here? Kuteerera pakuverenga nenhendashure! Chii kuverenga nenhendashure? “Zvinhu zvose izvi zvakavimbiswa, apa ndipo pazvakaitika. Zvinhu zvose izvi zvakavimbiswa, apa ndipo pazviri kuitika. Pane vimbiso, apa ndipo payakaitika. Kubudirira kwaAkavimbisa nhasi, hekuno! uku pano pakati pedu chaipo.” Vari kuitei? Kuteerera pakuverenga nenhendashure. Kwasvika papi? Nzira yose kubva kuna Luther. Kuverenga nenhendashure! “Kururamiswa, kucheneswa...Gumi, pfumbamwe, sere, nomwe, tanhatu, shanu, ina, tatu, piri...Kwira kumusoro!” Vari kuitei? Vakamirira kusimuka, awa yaziro. Amen.

[Hama Branham, maawa masere akatevera, vakarekodha chikamu ichi chakawedzerwa chekupedzisa chakaiswa pano sendima 106-111. Vanotsanangura izvi mumharidzo yavo yemanheru, *MuHupo HwaKe*, pandima 4-5—Mupepeti]

<sup>106</sup> Uku kutenderera kukuru uku kuri kugadzirira kuitwa neChечи, uye nenguva huru yekuverengera nenhendashure, ndinoda kukutsanangurirai zvandinofunga kuti kuverenga nenhendashure kuita sei. Zvino, ndinofunga kuti tichangopfuura nemazviri muchechi muno. Uye zvino munocherechedza kuti, paya mufambi nechitundumuseremusere wepanyama achigadzirira kubva panyika, pane kuverenga nenhendashure kunotangira pana gumi zvichidzokera kuna ziro. Zvino, handisati ndamboedza kupamura Mharidzo iyi nekuipa mashandisirwo epamweya, sezvo zvingatora nguva yakawandisa

mangwanani ano. Asi ndinoda kuedza kukutsanangurirai izvi, kuti *gumi* inhamba ye “nyika,” munhu. Asi *nomwe* ndiyo nhamba ye “Kukwaniswa kwaMwari.” Mazuva matanhatu Vakagadzira matenga nyika, uye rechinomwe Vakazorora. Uye zviuru zvitianhatu zvemakore nyika inofanira kushanda nesimba ichirwisana nechivi, kana kuti chechi inoshanda nesimba ichirwisana nechivi, uye rechinomwe ndiyo Mireniyamu, Sabata.

<sup>107</sup> Nomwe inhamba yaMwari yakakwana. Uye zvino Vakatiipa kuverenga nenhendashure chaiko, uye kuverenga nenhendashure kwaVo hakutangire pana *gumi*, asi nomwe. Tichangobva kupfuura nemazviri muMaZera *Manomwe EKereke*. Uye tinona, zvino umo muna Zvakazarurwa, kuverenga nenhendashure kwekutanga kwaive zera rekutanga. Kuverenga nenhendashure kwechipiri, izera rechipiri. Uye zvichienda kusvika pakuverenga nenhendashure kwechinomwe. Zvino pano zvinoonekwa pamberi pedu, apo mufananidzo unonyorwa, kuti takava nekukuverenga nenhendashure uku. Nhamba yekutanga kuverengwa yaive Efeso. Nhamba yechipiri yakaverengwa yaive Smirna, Smirna. Tevere Pergamo. Tiatira. Yechishanu yaiva Sadhisi. Yechitanhatu yaive Firadherfia. Uye yechinomwe yaive yeRaodhikia, zera rechechi rekupedzisira. Zvino kwozouya nguva yaziro, yekuti Chechi ichisimuka, mushure mekunge mazera echechi apedza nguva yawo. Zvino, tinoziva kuti zera reTiatira rakauya rikaenda, uye zera reEfeso rakauya rikaenda, zera reFiradherfia rakauya rikaenda. Uye tiri muzera rechechi rechinomwe, kumagumo kwaro, zera reRaodhikia. Uye ndiko kuverenga nenhendashure.

<sup>108</sup> Kana mukacherechedza muzvidzidzo zvedu zvapakfuura zvemachechi, Akabata muruoko rwaKe *nyeredzi nomwe*, idzo takaona kuti ndidzo “vashumiri vanomwe vemazera manomwe echechi.” Mumwe nemumwe wavo akanyatsoziviswa apo Mwari vakatora kuverenga kwaVo nenhendashure. Kubva panguva yaAkaenda, kusvikira panguva yaAnodzoka, Ari kuunganidza vanhu nokuda kweZita raKe. Akatanga paZuva rePentekosti. Yekutanga, chechi yeEfeso, nyeredzi nemutumwa wechechi iyoyo tinotenda kuti ndiMutsvene Pauro. Akauya, uye nhamba poshi yakatoverengwa. Zera rechechi yechipiri, inova Smirna, aive Ireneo, mutsvene mukuru waMwari akatungamirira zera iroro rechechi pakupedzisira. Zera rechechi yechitatu, yaive Pergamo, aive Mutsvene Columba aive mutsvene mukuru waMwari. Munguva yeZera reRima, mukutambudzwa, zera rechina nekuverenga kwechina, Mutsvene Martin wekuTours, mutsvene mukuru aibva kuFrance. Zera rechechi yechishanu, nemutumwa wayo aive Martin Luther pakuverenga nenhendashure. Zera rechitanhatu aiva John Wesley pakuverenga nenhendashure.

<sup>109</sup> Zvino tave muzera rechinomwe, zera rechechi yeRaodhikia. Uye tiri kutarisira mutumwa mukuru uya wepakuonekwa

kwechipiri kwaEria, pakuverenga nenhendashure. Zvino paanongoonekwa chete, ipapo inguva yaziro uye Chechi inotora nzira yayo kuenda Kumusha, yoenda muchadenga, kuMatenga, kupfuura mwedzi, nyeredzi, nezvimwe zvose, yosangana naJesu.

<sup>110</sup> Ko ava vakabva kupi uye vakaendepi? MuChitundumuseremusere ichi. Vanhu vakapinda sei muChitundumuseremusere pakutanga? Ndiyo nzira yavachafanira kupinda machiri munzvimbo dzose, nguva dzose. Ndizvozvo chaizvo. Vanofanira kuuya nenzira yakafanana neyakaita vekutanga, nekuti uku kutenderera kukuru kwebona guru revanhu. Kuti munguva yaNoa, kwaingova nemukova mumwe chete, uye mukova iwoyo ndiwo wakanga uri iwo mukova bedzi wokupinda nawo. Zvese zvapakupinda, zvisinei kuti vakaenda pauriri hwepamusoro hwekutanga pasi pekururamiswa, pauriri hwepamusoro hwechipiri, kana pauriri hwepamusoro hwechitatu, zvose zvaipinda nepamukova mumwe chete. Zvose zvaiuya nenzira imwe chete.

<sup>111</sup> Uye ndizvo zvimwe chete muzuva rino remufambi nechitundumuseremusere. Tinofanira kupinda nenzira imwe cheteyo, kuuya nenzira imwe chete, neMharidzo imwe chete, naKristu mumwe chete, neSimba rimwe chete ravakagamuchira paZuva rePentekosti. Nzira imwe cheteyo! Yagara nguva dzese iri Imwe chete, nokuti Ungori Mukova mumwe chete. Uye tinopinda sei mumutumbi iwowo? Nepamukova. Uye Jesu ndiye Mukova kuMutumbi uyu. Saka tinopinda uye tinozvarwa muHumambo hwaMwari, kuburikidza neMukova, Jesu Kristu. Uye zvino mukova wave kuda kuvharwa paRaodhikia, kuverenga nenhendashure kwekupedzisira, uye Chechi iri kugadzirira kutora gwara rayo pamusoro pematambudziko ose, zvose hazvo, uye igobhururuka ichienda kumatenga eMatenga, ichitakura Chechi kuenda pachifuva chaMwari. Amen. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] Amen.

<sup>112</sup> Mangwanani aye apo aJohn...uyu Glenn paakasimuka zasi uko, vanhu vese vainge vakabata kumeso kwavo, vachichema nekunamata, vachishaya kuti achabudirira pane zvipi. Zvino chinhu chekutanga, moto wakatanga kupararira kubva mumaatomu aya apo chitundumuserere chikuru chiya chakasimuka ipapo chichibva paCape Canaveral, chichikwira mudenga saizvozvo, uye vanhu vachizhambatata nekuchema uye vachishaya kuti chii chaizoitika kumufambi wavo nechitundumuseremusere akanga ari kukwira mudenga.

<sup>113</sup> Oo, asi Chechi, kubwinya, iri kuparadzirawo moto zvakare. Amen. Kuverengerenga nenhendashure kuri kuuya! Amen! “Kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, zera rechechi yeRaodhikia,” tasvika kumagumo! Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi! Chii chiri kutora nzvimbo? “Gumi, pfumbamwe, sere, nomwe, tanhatu,

shanu, ina, tatu, piri...ziro!” Havazochemi, asi pachava nekuimba nekudanidzira nekurumbidza Mwari, apo Chechi ichaenda nechitundumuseremusere muchadenga pakufamba kwayo kuti izova naJesu Kristu. Amen.

<sup>114</sup> Mukubudirira kwepanyama, ivo vanosimuka vachienda kumwedzi. Mukubudirira kwepamweya tiri kusimuka takananga Kudenga. Amen! Mufambi nechitundumuseremusere wepanyama ari kuedza kuzvitsvakira nzvimbo pamwedzi. Isu tinotova nenzvimbo kare Kudenga yakatogadzirirwa. “Mumba maBaba vaNgu mune mazimba mazhinji okugara. Ndichaenda kunokugadzirira nzvimbo, uye ndozokutumirai Mufambi nechitundumuseremusere kuti adzoke kuzokutorai.” Kuverenga nenhendashure kuri kutoitika! Munozvitenda here? Amen. Kuverenga nenhendashure! “Gumi, pfumbamwe, sere, nomwe, tanhatu, shanu, ina, tatu, piri, poshi, ziro!” Moto unotanga kupararira, shumiro inopfekedzwa korona muKubwinya. Hareruya! Zvino chitundumuseremusere chekare chinotanga kusimuka, chisina kunogedzwa chakananga kumwedzi, asi kunogedzwa chakananga muKubwinya. Hecho chave kure, moto waMwari uchipararira. Simba reMweya Mutsvene richichisimudza uye kupfuura mwedzi, nyeredzi, kupfuurira chero chinhu chingambobudirirwa pachiri nemunhu. Chechi ichabhururukira pazvifuva zvaMwari Kudenga, rimwe remangwanani ano. Shamwari, vanhu vakakwanisa kubudirira pane izvo zvanazvo nezvinhu zvavo zvepanyama, uye Mwari (ndazviratidza pano) ndokuzvifananidzira nezvemweya.

<sup>115</sup> Ngatipinde muChitundumuseremusere, nekukurumidza! Magonhi achavharwa mushure mechinguva. Kuverengera nenhendashure kuri kutoitika! Sainzi inoti pakuverenga kwavo nenhendashure ave maminitsi matatu. Kwedu kunogona kunge kwakadarika ipapo, kunogona kunge kuri “poshi” tagadzirira “ziro!” Ngatipindei. Munotenda here kuti kuverenga nenhendashure kuri kutoitika? Ngatikotamisei misoro yedu zvino kwechinguvana.

<sup>116</sup> Baba! “Gumi, pfumbamwe, sere, nomwe, tanhatu, shanu, ina, tatu, piri...” Mwari! “Ndudzi dziri kupamuka. Israeli iri kupepuka, zviratidzo zvakafanotaurwa nevaporofta; mazuva eMarudzi ave kupera, akaremedzwa nezvinotyisa; dzokerai, Oo imi makapararira, kumusha kwenyu.” Izuva rakadini! Chiedza chemanheru chiri kupenya. O Mwari, tinonamata kuti wese asingatendi akasike kuisa parutivi pfungwa dzake dzese dzedzidzo, pfungwa dzake dzose dzinopesana neShoko reNyu, uye mangwanani ano apinde muChitundumuseremusere chinobwinya ichi, nekuti tinozvarirwa maChiri, imomo kuti tive chikamu cheChitundumuseremusere chacho.

<sup>117</sup> Ndinonamata, Baba voKudenga, uye muMutumbi uyu mukuru waKristu, kuti Mugobhabhatidza vatendi nhasi neMweya Mutsvene. Dai dziva razara nevanhu mangwanani ano,

vachireurura zvivi zvavo uye vachivigwa muZita raJesu Kristu, uye vachikwira muChitundumuseremusere chekare, Ishe, chiri kuenda kudarika mwedzi nenyeredzi, uye chichienda kudarika zvitendwa, masangano. Takatova nekuverenga nenhendashure kare. Makatiudza zvichazovepo, zvitatu, matanho matatu eizvi. Makataura zvemazera echechi, mafambiro aazoita, zera rechechi yekutanga, zera rechechi yechipiri, zera rechechi yechitatu, yechina, yechishanu, yechitanhatu. Kuverenga kuno nshure mechinomwe. Uye mshure mechinomwe, zera rino iri; tatova mariri, zera rechechi yekupedzisira. Uye zvino kuverenga nenhendashure kuri kutoitika. Mazera akapera kuverengwa kare, zera reLutherani, zera reHwisiri, zera rePentekosti. Uye zvino, Ishe, kuungana muChitundumuseremusere, negirazi guru rinokudza zvinhu pamberi paCho, tinogona kuona Kubwinya, kuona Jesu, kuMuona musimba raKe rose, kuMuona muvimbiso dzaKe dzose. Zvese zvaAkavimbisa zviri kuratidzwa patiri. Tinokutendai iMi nokuda kwazvo.

<sup>118</sup> Mwari, dai chechi nhasi yachikurumidza kupinda munzvimbo yakachengeteka, nokuti nokukurumidza kuri kuuya awa yeziro uye gonhi reChitundumuseremusere chikuru richavharwa, ndege yeChitundumuseremusere. Uye tichaenda sezvakaita Noa paakapinda muchitundumuseremusere chake, tingati, akayangarara mukati uye nepamusoro pemvura dzose dzokutonga. Uye, Baba, tinoda kupinda maMuri kuti tigokwanisa kuyangarara nemuhova dzunguva, toenda tichipfuirira Mars, Jupiter, Venus, napamusoro peGwara reNzou, tichienda nokuenda nokuenda, uko kusina chinozivikanwa nemufambi nechitundumuseremusere wepanyama. Asi tinoona kuti Muri kumurega achiita izvozvo sechiratidzo, kuti isu tigadzirire kuenda. Tiri kufamba tichibva panyika. Zviiteiwo, Ishe. Kuburikidza neZita raJesu Kristu, ndinozvikumbara.

<sup>119</sup> Pano pane mahengechefu, Ishe, ari pano, atumirwa nevanhu vanorwara. Vanotenda, Ishe. Uye dai vava nhengo dzakakwana dzevafambi nechitundumuseremusere mangwanani ano. Dai simba raMwari Samasimba Avo vanoratidza Bhaibheri raVo pamusoro peizvi, kuti vakatora kubva pamuviri waMutsvene Pauro, mahengechefu nemaapuroni, uye varwere nevanotambudzwa vakapodzwa. Dai mutendi uyu wemuchitundumuseremusere, kana zvikamubata, asimuke achienda, Ishe. Hurwere kumashure! Dai munhu wose anorwara ari pano iko zvino, Ishe, apinda muna Kristu Jesu chaimo, kuShoko raKe, vimbiso yaKe. Uye achiti, “Kumbirai Baba chero chipi zvacho muZita raNgu, Ndichachiita.” Dai vatanga kuverenga, “Gumi, pfumbamwe, sere, nomwe, tanhatu, shanu, ina, tatu, piri. . . ziro. Vobva vaenda, Ishe!” Dai vasimuka kubva pamibhedha, nhoo, chero zvazvingava. Dai vasimuka kubva pahurwere hwavo hwakavasunga, kuenda kunze uko muchadenga kusina sainzi yavanachiremba, hapana kana

mumwe wavo, anoziva kana nezvazvo, uko Simba raMwari rakavimbisa netsvakurudzo yesainzi yeBhaibheri pano, kana kuti tsvakurudzo yepamweya, waro, yeBhaibheri; kuratidza kuti Mwari vakagara vari Mwari, vachiri Mwari, Vacharamba vari Mwari, uye ndiVo Vasingagumi, Vane masimba, Samasimba, aVo Vari kwese-kwese vanogona kuchengeta Shoko RaVo; uye vanogona kuita zvinhu zvose, uye vakativimbisa kuti zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda. Mwari, zviitei.

<sup>120</sup> Dai murume kana vakadzi, mukomana kana musikana akatsauka, mangwanani ano, avo vasimo imomo kuti vateerere kuverenga nenhendashure kweShoko raMwari, tichiziva kuti tasvika pasi, taverenga chinhu chekupedzisira. Akagadzirira kudanidzira “ziri” chero nguva, uye kuti chechi iende. Tinoona Mharidzo ichipera. Tinoona kutambudzwa kuchisimuka, sekutaura kwatakaita manheru apfuura. Tinoziva kuti nguva yave kusvika. Kuverengera nenhendashure kwapera. Makatibatsira pano papuratifomu kuunza mazera echechi, nekutora zvimwe zvese nokuzviratidza, kuti iko zvino chero nguva zvinogona kuitika. Mwari Samasimba, Akasika Matenga nenyika, tumirai tsitsi dzeNyu pavanhu mugovapa izvo zvaMakavachengetera. Nekuti tinozvikumbara nemuZita raJesu.

<sup>121</sup> Murume wese nemudzimai vakakotamisa misoro yavo. Kana paine vamwe pano vasingazivi Kristu seMuponesi wavo mangwanani ano, uye vachida kuMuziva nokupinda muchinhano cheChitundumuseremusere ichi chenyasha dzaMwari, kuti vapinde muKubvutwa, ungasimudza ruoko rwako here uchiti, “Ndagadzirira, ndinoda kugadzirira Kubvutwa, Hama Branham. Ndinamatiweiwo.” Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, imi. Mwari akuropafadzei imi, nemi. Kunze, mukati, chero paungava, ingosimudza ruoko rwako. Neizvi, iti, “Mwari, ndipinzeiwo mukati.” Mwari vakuropafadzei. “Ndinoda kunzwa kuverenga nenhendashure uku. Ndinoda kukunzwa. Ndinoda kuziva kuti ndakachengetedzeka, kuti kana moto watungira handisi kuzonge ndakagara pasi pano mungoro nebhiza. Handisi kuzonge ndiri muchechi, ndichityaira motokari. Ini handisi kuzova mune imwe inogona kungobvisa tsoka dzayo kubva pasi zvino, zvakareba zvakakwana kuti usvetuke uye ugoita ruzha rwakawanda. Ndinoda kuva mune chimwe chinhu chichandiendesa kupfuura mwedzi nenyeredzi. Ndinoda kuteerera pane kuverenga nenhendashure; kwete chimwe chitendwa, rimwe sangano. Asi ini ndinoda kuva muna Kristu, umo mandinogona famba kupfuurira chero chinhu chipi zvacho chinogamuchirika mupfungwa pakati pevanhu. Ini ndinoda kuenda.”

<sup>122</sup> Pane mumwe here tisati tanamata? Aripo here...? Mwari vakuropafadze, mudzimai wechidiki. Mwari vakuropafadze,

mujaya. Mwari vakuropafadzei, nemi kumashure uko. Ndiri kuona ruoko rwenyu, uye Mwari zvirokwazvo vanorwuona. Newe, hama yangu, iwe hama. “Ndinoda kuva mukuverenga nenhendashure. Mwari, regai ndiise padivi zvose zvinorema.” Mwari vakuropafadzei, hama. “Ndinoda kuisa chivi chese parutivi. Ndine hasha Hama Branham. Oo, handingakwanisa kupinda maChiri ndakadaro. Namatai kuti Mwari vadzibvise pandiri. Ini—ini, Hama Branham, ndi—ndinonwa zvishoma. Handidi kuita izvozvo. Namatai kuti ndizviise parutivi. Ndinovvuta. Handidi kuzviita. Mwari vanoziva kuti handidi kuita izvozvo. Chinhu chacho chakanyatsondisunga kwazvo, ndi—ndinongozviita, handikwanise kubva pazviri. Ndinoziva kuti zvakaipa, uye handifanire kuzviita. Handizozviita! Chimwe chinhu, ndanga ndichipokana Shoko. Ndanga ndichingofunga kana Ranga riri chokwadi chaizvo here. Ndibatsireiwo, Mwari. Regai, regai ndingorangarira kuti Rose zvaro rakanaka, uye ndinoRitenda. Ndinoda kuteerera pane kuverenga nenhendashure. Ndinoda nzvimbo yekuti pese pandinoona Shoko raMwari richitaura chero chinhu, ndinoda kuritsigira ne ‘ameni’ uye ndichiti ‘NdiMi, Ishe.’” Zvino mose... Mwari vakuropafadzei. Mwari vakuropafadzei, mumwe nomumwe wenyu.

<sup>123</sup> Pane vamwe pano zvino here vari kurwara, uye vari kuti, “Hama Branham, mangwanani ano ndiri Mukristu, asi ndiri...Ndanga ndiri...ndakagamuchira Mweya Mutsvene. Ndakaburuka mundege zvino, ndagadzirira kuverenga nenhendashure. Ndakabuda mumhando dzose dzemasangano nezvimwe zvose, ndichiteerera pakuverenga nenhendashure. Asi zvino ndinoda kutaura chinhu chimwe chete ichi, Hama Branham, mangwanani ano, ndiri kurwara. Ndichiine basa rekuitira Ishe. Ndiri kuteerera pane kuverenga nenhendashure, asi ndinoda ku—ndinoda kupora. Ndiri kutsika napamusoro pako mangwanani ano, ndichiteerera pane kuverenga nenhendashure.” Chii kuverenga nenhendashure? Shoko raMwari. Rakaverengwa richidzika zasi. Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. “Ndinoda kuMunzwa seMupodzi wangu mangwanani ano. Ndinoda kusimudza ruoko rwangu ndoti, ‘Ndinamatireiwo, Hama Branham.’” Mwari vakuropafadzei. Pindai mukati iko zvino. Pindai mukati chaimo. Artari yakazara, kwakapoteredza neche kuno, yazara pose pasi. Hatina kukwanisa kuva nemutsara wekunamatira. Vakamira vakatenderedza madziro nezvese. Tinongova nekuungana kwevanhu. Hatisungirwe kudaro. Uri mune—uri mune...Uri mufambi nechitundumuseremusere.

<sup>124</sup> Uri mufambi nechitundumuseremusere. Uri kuenda kupfuura Luther. Luther haatendi mazviri zvese. Wesley akaturika maoko. VePentekosti vanozodza nemafuta. Iwe uri mufambi nechitundumuseremusere, wapfuurira chero hako kufunganya. Nokungoti Shoko rakataura kudaro, ndiri

kuenderera mberi. Saka, unoti, “Ko Luther haana kutenda here? Rakanga risiri Shoko here?” Hongu, asi Welsley akaenda mberi pamusoro pake. “Zvakanaka, Wesley akazodza nemafuta kana chimwewo chinhu. Hamuzvitendi here izvozvo?” Hongu, ndizvozvo. “Mapentekosti vakadzinga madhimoni.” Hongu. “Vakaturika maoko, vakava nekupodza mumaoko nezvimwe zvole.” Ehe, ndinoziva kuti ndizvozvo, asi enderera mberi. Enderera mberi! Wesley haatarise shure kuna Luther, Pentekosti haitarise shure kuna Wesley. Kana isu hatitarise shure kuPentekosti. Isu tiri vafambi nechitundumuseremusere. Tave mberi kwayo. Hatiendei mberi. Kristu akadaro!

<sup>125</sup> Unozviita sei? “Huyai muturike maoko eNyu pamwanasikana wangu uye achapora,” akadaro muJudha. Jesu akaenda akanomuitira izvozvo, ndizvozvo. Asi pazvakasvika kumuRoma, mufambi nechitundumuseremusere, akati, “Handina kukodzera kuti Muuye muchivakwa changu. Ingotaurai Shoko, Ishe.” Uye Akatozvitaure kare. Ndizvozvo.

<sup>126</sup> Zvino ngatisimudzei mo—moyo yedu kuna Mwari. Ngatisimudzei maoko edu kuna Mwari, moyo yedu kuna Mwari. Pane chero chipi zvacho chauri kuda, ruponeso, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kupodzwa naMwari, chero zvachingava, simudza maoko ako mudenga uye ubate moyo wako muHupo hwaMwari, uye wocherechedza kuti wakagara munzvimbo dzeKumatenga muna Kristu Jesu, uye uri mufambi nechitundumuseremusere cheKutenda ikoko. Chii? Hekunoi kuverenga kwouya! “Gumi, pfumbamwe, sere, nomwe, tanhatu, shanu, ina, tatu, piri. . .” O Jesu, uyai zvino! Tiri kuisa simba reZita raKe. Uye sezvatakaona manheru apfuura, Pauro akarova munhu nehupofu, ndokurega mumwe achingomutsika-tsika hake. Uye tinoona kuti Jesu aikwanisa kuita chero chaA—Akaita, mhando dzose dzezvishamiso, asi zvakadaro akanga ari pamagumo enzira yaKe, tichiona kuti Akarohwa uye akapfirwa mate, nezvimwe zvole. Vanhu havazvinzwisise. Vanocherechedza kuti Mwari vanozviitira kuratidza kuti ndizvo, uye zvararo voedza kutenda kwevanhu.

<sup>127</sup> Ishe, takamira pano uye tikaona mapofu chaiwo achigamuchira kuona kwawo, hurwere; kenza dzaive mumvuri wevanhu, dzakapodzwa. Takaona avo vakanga vafa uye vakaradzikwa kunze kwemaawa nemaawa, uye vachidzoka kuhupenyu zvakare. Tinozviziva kuti ndi—ndiKristu wedu mukuru uyo watiri vafambi nechitundumuseremusere mumutumbi waKe. Uye zvino kuverenga nenhendashure kuri kuitika, uye tichatenda mangwanani ano kuitira kupodzwa kwedu, kuitira kuponeswa kwedu, uye kuitira pane zvese zvatinoshaiwa. Nekuti kana tikazvikumbira nemuZita raJesu Kristu, Akavimbisa, “Kumbirai Baba vaNgu chero chipi zvacho muZita raNgu, Ndichachiita.” Uye ndizvo zvoga zvatino fanira



kuita iko zvino kudana Zita raKe, uye zvinofanira kuitwa. Tiri kuteerera pakuverenga nenhendashure.

<sup>128</sup> Ishe, vamwe vavo vanga vari vatadzi, vasimudza maoko avo. Vakamirira kuverenga nenhendashure, pachauya shanduko mumoyo mavo, ichaisa huwori hwakare hwose hwakashata kunze. Pane vakawanda vanoputa fodya, vagadzirira kudzisiya. Vazhinji vakaita zvinhu zvavakanga vasingafanire kuita, uye vakagadzirira kuzviisa pasi, nokuti tinokumbira Mwari Samasimba nemuZita raJesu Kristu kuti mubvise zvose zviri kudzivisa Chechi mangwanani ano, kubva kuhurwere kusvika kuchivi, uye itai kuti chechi ino inge yakasununguka. MuZita raJesu Kristu, dai simba pamwe neSimba reEvhangeri huru, Moto weMweya Mutsvene wachitanga kupararira, uye vafambi nechitundumuseremusere vakuru vaMwari vasimuke kuchishuwo chemoyo wavo nhasi. Zviiteiwo, Mwari Samasimba. NdeveNyuu. Uye dai vakagamuchira kupodzwa kwavo, ruponeso rwavo, uye nechero zvose zvavanoshaiwa. Ndinovaisa kwaMuri, nekuvakumikidza kwaMuri nemunamato wangu, paartari apo Ropa raJesu Kristu richiri nyoro mangwanani ano. MuZita raJesu Kristu dai vagamuchira zvavakumbira.

Uye vanhu vakati, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti].


<sup>129</sup> Saka, Zvitendei! NgaZvive sekudaro! NdinoZvitenda. Ndinotenda. Ameni. Ndinoziva kuti iVo ndiMwari. Ndinoziva kuti takagadzirira kubudirira kukuru kwaMwari. Kubudirira kwaVo chii? Kusiya nyika. Mufambi nechitundumuseremusere anoenda kumwedzi, imwe nyika. Uye Chechi yaMwari (kubva mundege, kubva pakutasva bhiza nezvakadaro) iri kusimuka semufambi nechitundumuseremusere, kuenda kune imwe nyika, inova Denga. Kuverenga nenhendashure, kuri kutoitika. Ameni.

MunoMuda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Zvino ngatisimudzei maoko edu tiimbe.

NdinoMuda, ndinoMuda

Nokuti Wakatanga . . .

Zvakanaka, Hama Neville.

Ishe ngaVarumbidzwe! Uye Mwari vakuropafadzei kusvika manheru anhasi pandichakuonai. 

*KUVERENGA NENHENDASHURE* SHO62-0909M  
(Countdown)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, Gunyana 9, 1962, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)